

ZUVA RIYA PAKARIVHARI

 Mazvita, Hama Neville. [Hama Neville vanoti, “Muropafadzwe, Hama!”—Mupepeti.] Mwari vakuropafadzei, Hama Neville. Maita henyu, zvikuru.

² Mangwanani akanaka, shamwari. Mukana wakanaka kuva pano patabhanakeri zvakare, mangwanani ano, kuti tishumire Ishe, nenzira yekuparidza Shoko nekunamatira vanorwara. Uye ndinotenda zvikuru nokuda kwezuva ranhasi.

³ Uye ndashamiswa, pandangopinda. Imwe hama yafamba ikauya zvino ndokuti, “Handidi kuva seuya aiva nemaperembudzi akapodzwa akange asina kukodzera.” NdiHama Wright. Ndakavanyengeretera, uye Ishe akavapodza zvachose. Uye vauya, vachichema, kuti vandigwinhe chishanu, ndokutaura kuti—kuti vanga vachida kutenda Ishe nokuda—nokuda kwekupodzwa. Vanga vachida kudzoka kuti vazopa kutenda. Zvose zvakapera. Ivo—ivo vava nehutano huzere iko zvino. Tinotenda nokuda kwezvapu izvozvo.

⁴ Zvino Charlie, iwe neHama Jeffries, kana muchida henyu, kwirai kuno mutore zvigaro izvi zviri kumusoro kuno. Uye munogamuchirwa zvakanyanya, kuitira kuti musange makamira. Imwe hama apo, naHama Wood, chingouyai kumusoro kuno. Muri... Hedzinoi dzimwe, nzvimbo dzakati kuti pano pabhenji, kuitira kuti musazomira. Ndinotenda, nzvimbo dzakati kuti dziri pano, uye, hongu, munotenderwa zvikuru kuti muuye kuzitora nzvimbo idzi.

⁵ Tinofara kuti... Ndinotenda kuti zvakanzi, imwe nguva, “Ndakafara pavakati kwandiri...” Mwari vakuropafadzei, hama. [Imwe hama inoti, “Nguva dzose ndinoda kuva pedyo nemuparidzi.”—Mupepeti.] Mazvita. Ndatenda, mazvita. “Ndakafara pavakati kwandiri, ngatiendei kuimba yaJehovha.” Ndiwo mukana nemufaro weMukristu, kuenda kuimba yaJehovha.

⁶ Ndichitarira kumativi ose, ndiri kuona shamwari dzangu dzakawanda kwazvo dziri muno, mangwanani ano, ndiri kunzwa mufaro mukuru kwazvo pamusoro pazvo. Ndinofara kuona Hama neHanzvadzi Dauch pano, vanobva kuOhio. Ndiri kuona Hama neHanzvadzi Armstrong kumashure uko, nzira yose kubva kuOhio. Mwari vakuropafadzei mose, zvakare. Uye, o, kungotarisa kwese-kwese, unoona vakawanda kwazvo, zvinenge zvakati omei kuti uwane mazita avo vose. Hanzvadzi Hoover, tinofara kukuonai muno, mangwanani ano, vanobva zasi muKentucky. Uye Charlie naNellie, Hama Jeffries nemhuri yavo, uye pane vazhinji kwazvo muno, vanobva kunze kweguta.

⁷ Saka tiri kutarisira nguva huru munaShe, mangwanani ano, tichitarisira Mwari kuzosangana nesu nenzira yekuropafadza mweya yedu uye nokushumira kwatiri zvinhu zvatinoda.

⁸ Zvino pandiri kutarisa kwese-kwese panzvimbo ino, kana ndikatanga kudana shamwari dzangu dzose dziri pano, zvingatonditorera nguva yakawandisa mangwanani ano, ndichitaura vakasiyana-siyana. Zvinoita kuti ndinzwe zvakanaka kudzokera kucheche, nokuona vanhu vose vari muno, vachigona kusangana.

⁹ Ko zvichange zvakadini apo patichasvika kuDenga, uye tosangana Ikoko panguva iya huru yokuwadzana pamwe chete kusingaperi, zvemuna Ziendanakuenda, takakomba Chigaro-cheusha chaMwari, pamwe nemakomborero aya atagara tichikoshesa tose? Isu, Ikoko, tichaitwa mumufananidzo waKe, pamwe nechimiro chaKe, uye neMweya waKe uri pamusoro pedu, kuti tigonamata pamwe nokuMushumira muna Ziendanakuenda rose, tisingazombofa takaneta.

¹⁰ Chimbofungai, hakuna chinhu chaunogona kufunga nezvacho, chaunofarira kuita, asi apo neapo iwe unosvika paunoneta kuchiita. Charlie, ndinofungidzira kuti iwe neni tavhima tsindi kupfuura chinhu chose chatinofarira kuita, nenzira iyoyo, asi, munoziva, unoneta kunge uchichiita.

¹¹ Zvino ndi—ndinofarira ku—kukwira makomo, kuenda mumakomo ndichingoakwirwa. Asi ndinoneta, dzimwe nguva, unoda kuita chimwewo chinhu.

¹² Uye ndinofarira kutyaira. Dzimwe nguva ndinosvika pandinonzwa kakuneta pamwe nokurukutika, uye nokunzwa kubatikana zvikuru. Ndinongosvetukira mumotokari yangu uye ndobva ndaenda, zvino ndobatirira chidhiraiho, ndichidzika nomugwagwa, ndichiimba, “Ndinofara chaizvo nokuti ndinogona kutaura kuti ndiri mumwe wavo,” kanawo zvimwe. Ndinenge ndakanyatsobata chidhiraiho zvakasimba, ndichiimba, pamwe nokudhindha-dhinda pasi netsoka yangu, ndichidanidzira. Uye, zvakanaka, mushure mechinguva, ndinoneta, zvino ipapo ndinodzokera kumba ndosvikotanga zvimwewo.

¹³ Asi kana tave kunamata Mwari muHumambo hutsva uhu, muchange musina kana nguva yokuneta, richange—richange riri ropafadzo nguva dzose, zvichingoenda zvakadaro. Asi, ndizvozvo, tinenge tashandurwa ipapo. Tichange tisina kufanana nezvatiri iko zvino. Tichange takasiyana, zvisikwa zvakasiyana nezvatiri panguva ino. Saka, tiri kufara.

¹⁴ Ndakanga ndiri kungofunga. Handizivi kana ndakambozviita, kutaura izvi kana kuti kwete. Hama Charlie, nguva yapfuura, ndakanga ndiri zasi muKentucky pamwe chete navo, zvino vakati, “Hama Branham, munofunga, muMireniyamu, imi neni tichavhima tsindi here?”

Ini ndikati, “Handifungi kudaro, Charlie.”

15 Akati, “Zvakanaka, isu taizvifarira zvikuru,” ndokuti, “mu—munofunga kuti tichadaro kana tasvika muMireniyamu?”

Ini ndikati, “Kwete, hapana chinourayiwa muMireniyamu.”

Uye ivo vakati, “Zvakanaka, taingozvifarira.”

16 Ini ndikati, “Charlie, ko dai ndaigona kukuita kuti ugutsikane kuti imwe nguva waiva nguruve, uye iwe wakanga wasimukira kuva chisikwa chiri pamusoro, kusvika pakuva munhu? Ungafa wakaenda here, wakada kudzokera kunofara mumafaro enguruve?”

Akati, “Kwete.”

17 Ndikati, “Waona, unenge wave pamusoro zvikuru kupfuura nguruve, iye zvino, uri munhu, hauzombodi kuva nguruve zvakare.” Ndikati, “Zvino chizvipeta kusvika zviuru gumi, zvino ndizvo zvauchange uri kana uchinge washandurwa kubva pano uchiva zvauchazova. Hauzomboda kuva munhu zvakare.”

18 Ndizvozvo. Chichava chinhu chakasiyana. Ndinofara chaizvo nokungoda kwepfungwa dzaizvozvo, ndichiziva kuti rimwe zuva tichakwira kumusoro.

19 Zvakanaka, zvino, kana Ishe achida, Svondo inotevera, iyo ichange ichinge. . . Zvino ndichaenda, kuenda kuWyoming, neshamwari yakanaka; kana kunze kuIdaho, neshamwari yangu yakanaka, Hama Miner Arganbright, Hama Clayt Sonmore, veChristian Business Men.

20 Vhiki inotevera, vhiki iri pamberi peinotevera, inova zvino; musi wa 7, ndichange ndiri mu—muDallas, Texas, paKonivhenisheni yeVoice of Healing. Zvino usiku hwangu hwandichataura musi wa 7. Uye zvadaro ndobva ndadzoka, kuti ndiende kuIdaho neHama Arganbright neveChristian Business Men. Uye pamwe ndova neusiku humwe chete kuMinneapolis, tisati taenda. Zvino pova nesvuvuro imwe chete yemangwanani yeveChristian Business Men.

21 Ishe achida, mangwanani eSvondo inotevera ndinoda kunge ndadzoka pano patabhanakeri zvakare, uye kana zvichitenderwa uyewo kana kuri kuda kwaIshe. Uye ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chokuti *Chamupupuri Chiri MuMhepo*, kana Ishe achida. Zvairatidzika kuva pamwoyo wangu, vhiki rose.

22 Zvino mamwe mangwanani, rungwanangwana chairwo, kunge four o’clock mangwanani, ndakamuka zvino ndokuwana pfungwa iyi, “Zuva riya paKarivhari.” Uye ndinoda kutaura pamusoro pazvo, mangwanani ano: *Zuva Riya PaKarivhari*.

23 Uye zvino pakuverenga uku, ngatizarurei zvino mumaBhaibheri edu, muRugwaro, kuEvhangeri yaMutsvene Mateu, pachitsauko 27. Uye tichatanga nendima 27 zvino

toverenga chikamu choRugwaro urwu, kuti tiwane nheyo dzedu, zvadaro tinobva tatanga pakarepo. Zvino mushure meshumiro yekuparidza, ipapo tichazova nomunamato wevanorwara.

²⁴ Uye, o, kubvira panguva yekupedzisira kuva pano, ndiri kungodzosa, uye nokuenzanisa mhando yeshumiro yangu itsva. Ndakava nezvapupu zvakawanda zvakabva mumusangano iwoyo kudarika zvandakambowana chero kupi kwenguva refu.

²⁵ Pane chimwe chinhu pamusoro, kuti unofanira kubata munhu wacho, zvisinei kuti chemweya charatidzwa zvakadini. Asi, munoono, kupodzwa kunofanira kuzembera pamusoro pokutenda kwemunhu wacho. Zvino, kana munhu wacho aine kutenda. . .

²⁶ Zvino vanoona, sekunge, Mweya Mutsvene uchienda pamusoro peungano uye uchiti, “Zvinhu *zvakati-zvikati* zvakaitika. Uye, kuti, zita rako rinonzi *zvakati-nezvakati*. Uye unobva kunzvimbo *yakati*. Uye pane chimwe *chinhu* chawakaita. Uye zvichange *zvakadai*.” Uye woona zvose zvichiitika chaizvo nenzira iyoyo!

²⁷ Asi, munhu wacho, agere ipapo, anofanira kutarisa kumusoro uye oti, “Uyo anofanira kunge ari Mwari. Ndinogamuchira kupodzwa kwangu.”

²⁸ Asi, panzvimbo yokudaro, munhu anoti, “Isai mawoko pamusoro pangu uye mundinamatire, kuti ndizoporeswa.” Asi ndiyo nzira yatakadzidziswa muno muAmerica, uye, saizvozvo, nokuzvitenda. Uye zviri muMagwaro zvezmazvirokwazvo.

²⁹ Asi iko zvino tinoona, muAfrica uye nemunzvimbo dzakasiiyana-siyana, ingorega chinhu chakadaro chiitike, ungoro yose inogamuchira panguva imwe chete, vogamuchira kupodzwa kwavo, nekuti hapana chinhu chavakadzidziswa. Maona? Havana kana kumbodzidziswa kupodzwa. Zvino pavanoona izvozvo, vanoziva kuti pana Mwari anorarama. “Zvino kana Achirarama, ndiYe—ndiYe mukuru-mukuru, uye A—Anopodza.” Uye ndizvozvo, nokuti hwaro hwacho hwatoiswa, nheyo dzacho, dzokuti iYe mupodzi, uye anopodza vanhu. Zvadaro pavanoona Hupo hwaKe huchishanda kubudikidza nemuChechi yaKe, ipapo vanobva vati, “Izvi zvatoringana. Ndizvo zvoga zvatinoda.”

³⁰ Asi isu takadzidziswa, “kuisa mawoko pane varwere,” nezvinhu zvakadaro. Ndicho chikonzero zvisinganyatsoshanda zvakana muAmerica.

³¹ Zvino, rangarirai, mangwanani eSvondo inotevera, Ishe vachitendera, Hama Neville vachazvizivisa, ndizvoka. Uye. . . icho. . . *Chamupupuri Chiri MuMhepo*.

³² Zvino, ndanga ndichikupai nguva shoma kuti muzarure Magwaro enyu, kuna Mateu 27. Ngatitangei kuverenga

pandima ye—yechi 27, yeEvhangeri yaMutsvene Mateu. Zvino ngatinyatsoteerera pakuverengwa.

Zvino varwi vomubati vakaisa Jesu muimba momubati, hondo yose ikaunganira kwaari.

Vakamubvisa nguwo dzake, vakamupfekedza nguwo tsvuku.

Zvino vakaruka korona yeminzwa, ndokuiisa pamusoro wake, nerutsanga mune rwake...ruoko: vakapfugama pamberi pake, vakamuseka, vachiti, Kaziwai, Mambo wevaJudha!

Vakamupfira mate, vakatora rutsanga, vakaramba vachimurova musoro.

...vakati vamuseka, vakamubvisa nguwo tsvuku, vakamupfekedza nguwo dzake, vakaenda naye kunomuroverera pamuchinjikwa.

Vakati vachibuda, vakawana munhu weKurini, wainzi Simoni: vakamumanikidza iye kuti atakure muchinjikwa wake.

Vakati vakwira, vakwira panzvimbo inonzi Gorogota, ndiko kuti, nzvimbo yedehenyana,

Vakamupa vhiniga yakavhenganiswa nenduru kuti anwe: ...akati aravira, akaramba kumwa.

Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana nguwo dzake, zvino vachikanda mijenya: kuti zvakarehwa nemuporofita zviitike zvinoti, Vakagovana nguwo dzangu pakati pavo, vakakanda mujenya pamusoro pezvokufuka zvangu.

...vakagara pasi vakamurindapo;

Vakaisa...pamusoro pemusoro wake rugwaro rwemhosva yake rwokuti, UYU NDIJESU MAMBO WEVAJUDHA.

Zvadaro vakaroverera pamwe chete naye makororo maviri, mumwe kuruoko rwerudyi, mumwe kuruboshwe.

Va—vakange vachipfuura vakamutuka, vachidzungudza misoro yavo,

Vachiti, Iwe wakaputsa temberi, unoivakazve namazuva matatu, chizviponesa. Kana uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa.

Saizvozvowo vaprisita vakuru, nevanyori navakuru vakamuseka, vachiti,

Akaponesa vamwe; haagoni kuzviponesa. Kana iye ari Mambo wavaIsraeri, ngaaburuke zvino pamuchinjikwa, titende kwaari.

Waivimba naMwari; ngaachimusunungura zvino, kana achimudzikinura: nokuti wakati, Ndiri Mwanakomana waMwari.

Makororowo, akanga akaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, akazvidza zvimwe chete, akamuzvidza saizvozvo.

Zvino kubva panguva yechitanhatu kusvikira panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose.

Nenguva inenge yepfumbamwe Jesu akadana nenzwi guru, achiti, Eri, Eri, rama sabaktani? ndokuti, Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?

Vamwe vevakange vamirepo, vachizvinzwa izvozvo, vakati, Murume uyo unodana Eria.

Pakarepo mumwe . . . akamhanya, akatora chipanje, akachizadza nevhiniga, ndokuchiisa parutsanga, akamupa kuti anwe.

Vamwe vakati, Regai, timboona kana Eria achizouya kuzomuponesa.

Jesu, akadanidzirazve nenzwi guru, akarega mweya wake.

Ipapo, tarira, chidzitiro chetembere chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvikira pasi; nyika ikadengenyeka, mabwe akatsemuka;

. . . mabwiro akazaruka; nemitumbi mizhinji yevatsvene vakange vavete yakamutswa,

Vakabuda mubwiro iye amuka, vakapinda muguta dzvene, vakaonekwa navazhinji.

Zvino mukuru wezana, nevaive naye, vachirinda Jesu, vakati vachiona kudengenyeka kwenyika, nezvinhu izvozvo zvakaitwa, vakatya zvikuru, vakati, Zvirokwazvo uyu wakange ari Mwanakomana waMwari.

³³ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

³⁴ Ishe, tinoziva kuti iMi muri Mwari. Uye zvaka . . . Mushure mokuverenga Shoko iri rakayereswa uye dzvene, tichiri kungoona kuti hunhu hweNyu hauna kushanduka. Nguva dzose muri Mwari. Uye zvaiita sokunge Jesu akanga asiri kuzwana chero rubatsiro, zvokuti Akatorwa nemaoko ane utsinye uye ndokuchekwa-chekwa kuita zvidimbu, ndokusvipirwa mate, ndokunyombwa, uye akaremba pamuchinjikwa, achijujira ropa, achifa. Uye zvaiita sokunge pakanga pasina rubatsiro, chero kupi hako, kusvikira Akadanidzira, pachaKe, “Mwari wangu, Mwari wangu, ko MaNdisiireiko?”

³⁵ Asi, iMi munoita panguva iyo panenge pachisina kana chimwe chinhu chinogona kunge chichiita. Tapiwa kunzwisisa,

Ishe, kuti kana tine chero nzizi dzatisingagoni kuyambuka, kana tine chero makomo atisingagoni kudarika nemaari, Mwari ndimazvikokota mukuita zvinhu zvisingagone kuitwa nevamwe.

³⁶ Imi muri mazvikokota, pabasa, nokuti Maiziva chikonzero chezuva riya paKarivhari. Imi, zvamuri Mwari, Uyo asina magumo, maiziva kuti nguva iyi yaifanira kuuya. Asi payakadziswa, ipapo Makaratidza kuti Makanga muri Mwari. Makaratidza kuti Ndiani aiva mukuru pabasa. Makazunguza nyika, uye vatsvene vaive vavete muvhu vakabuda. Makadzimaidza zuva pausiku, serima reusiku, kuratidza kuti Maiva Mwari. Asi Makaita semakanyarara kwenguva refu.

³⁷ Regai isu, kubva pane izvi, titore magumo enyaya aya, okuti, chero bedzi tiri kufamba muMweya, tichitungamirirwa neruoko rwaMwari, zvisinei kuti panoita sokunge pane chinhu chakakanganisika, asi takatarisa Karivhari; Mwari vachataura panguva yakafanira, panguva yakakodzera.

³⁸ Zvino, Mwari Baba, tinokumbira kanganwiro yezvivi zvedu pamwe nokudarika kwedu. Tinokumbira kuti Mweya weNyu utitungamirire. Titungamirireiwo, seNjiva yakatungamirira Gwayana. Regai titeerere kune chese chinogona kutiwira, tichiziva izvi, kuti Mwari vanoshanda zvinhu zvose zvive zvakanaka, uye nokuziva kuti zvichaita zvakanaka.

³⁹ Ivai nesu nhasi mushumiro ino. Tinonamata kuti Muchaponesa avo vari muchinhano chokuti vaponese, uye vari kutsvaka ruponese. Zadzaivavo neHupenyu Husingaperi, vari kuhutsvaka. Tinonamata kuti Mupodze avo vanorwara uye nevanotambudzwa, avo vauya, vachitsvaka kupodzwa. Uye tichaKurumbidza nokuda kwaizvozvo. Tinozvokumbira nemuZita reMwanakomana weNyu, Muponesi wedu, Jesu Kristu. Amen.

⁴⁰ Zvino, mukutaura kwemangwanani ano, tinoda kuti mucherechedze musoro wenyaya wandasarudza kuti nditaure kubva pauri: *Zuva Riya PaKarivhari*.

⁴¹ Zvinoita sokunge zvinova kunze kwemwaka zvisihoma; izvi zvinofanira kuva pamusi weChishanu Chakanaka. Karivhari inofanira kurangarirwa mazuva ose. Uye takanzwa zvakanaka nezvayo, ndokuverenga zvakanaka nezvayo. Vaparidzi vakaparidza pamusoro payo, kubvira pakutanga kwenguva. Vaimbi vakaimba nezvayo, nemumazera ose. Vaporofita vakafanotaura nezvayo, makore zviuru zvina isati yamboitika. Uye vaporofita vanhasi vanonongedzera kumashure payakaitika. Izuva rakakosha kwazvo! Ndiro rimwe remazuva akakohesesa pamazuva ose ayo Mwari akamboita kuti abude panyika.

⁴² Uye kana rakakosha zvakanaka kurudzi rwevanhu, Karivhari, ndinofunga kuti zvakanakira isu kuti tidzoke

shure uye tigoongorora, tione bedzi zvarinoreva kwatiri. Nokuti, ndine chokwadi, panguva ino yasopera yatiri kurarama, tiri kutsvaka kukosha kose kwaMwari kwatingagona kuziva. Uye zvose zvatnogona kuwana, tiri pano kudzidza nezvaro, kuti tione izvo zviru zvedu, uye izvo zvatakaitirwa naMwari, uye tione zvaVakavimbisa kutiitira. Uye ndizvo zvatininga kuchechi. Ndicho chikonzero muparidzi achiparidza, ndicho chikonzero achinzvera nokufungisisa pamusoro peRugwaro, uye nokutsvaka kufemerwa, nokuti iye muranda weparuzhinji kuvanhu vaMwari. Uye ari kuedza kuwana chimwe chinhu chichazo. . . icho Mwari vanoda kutaura kuvanhu vaVo, chimwe chinhu chinovabatsira. Pamwe, zvingava, kuvapomera mhosva muzvivi zvavo, asi zvigova betsero yokuti zivasimudze, kuti vagosiya zvivi zvavo uye ipapo vagosimuka kuti vashumire Ishe. Uye vashumiri vanofanira kutsvaka zvinhu izvi.

⁴³ Uye zuva iri, rakakosha kwazvo, rimwe ramazuva makurusa, ngatitarisei zvinhu zvitatu zvakasiyana zvairehwa nezuva irori kwatiri. Taigona kutora mazana. Asi, mangwanani ano, ndangosarudza zvinhu zvitatu zvakasiyana, zvakakosha zvatinoda kutarisa pazviri, kwenguva shoma inotevera, izvo zvairehwa neKarivhari kwatiri. Uye ndinonamata kuti zvigopomera mhosva mutadzi wese ari pano; zvichaita kuti mutsvene wese aende pamabvi ake; zvigoiita kuti munhu wose anorwara asimudze kutenda kwake kuna Mwari, uye agofamba achienda, apora; mutadzi wose, aponeswa; wose akadzokera shure adzoke, uye agozvinyarira nezvaari; nemutsvene wese, agofara, uye agatora mabatiro matsva netariro itsva.

⁴⁴ Chinhu chimwe chete chikuru, chakakosha chezvinoreva Karivhari kwatiri pamwe nyenika, ndechokuti, yakapedza dambudziko rechivi, kamwe zvachose. Munhu akawanikwa aine mhosva yechivi. Uye chivi chaiva murango wakanga usina munhu aigona kuubhadhara. Murango wacho wakanga wakakura kwazvo zvokuti pakanga pasina munhu aigona kuubhadhara. Ini ndinotenda zvemazvirokwazvo kuti Mwari vakazvironga kuti zvidaro, kuti murango wacho unge wakakura kwazvo zvokuti hapana munhu aigona kuubhadhara, kuitira kuti iVo vagozviita, pachaVo. Zvino, murango wechivi waive rufu. Zvino isu tose takaberekerwa muchivi, tikaumbwa mukusarurama, tikauya panyika, tichitaura nhema. Naizvozvo pakanga pasina kana mumwe wedu akanga akakodzera, kana kuti, havana kugona kuwana munhu panyika akanga akakodzera.

⁴⁵ Uye chivi hachina kutangira panyika. Chivi chakatangira Kudenga. Rusi- . . . akanga. . . Rusiferi, dhiyabhore, aiva chisikwa chakapomerwa mhosva, nokuda kwekusateerera kwake, asati amborova nyika. Chivi chakatangira Kudenga, uko Mwari vakaisa Ngirozi, nezvakadaro, pahwaro humwe chete hwaAkaisa vanhu pahuri; zivo, muti wezivo, muti weHupenyu

nemuti wezivo, apo munhu aigona kutora sarudzo yake. Zvino Rusiferi paakapiwa hutongi, kuti aite sarudzo yake, aida chimwe chinhu chiri nani kudarika chaiva naMwari. Ndizvo zvakatangisa dambudziko.

⁴⁶ Zvino paiva nechakanga chichidiwa kuitira chivi. Chaidiwa chacho rwaive rufu. Rufu ndiwo waiva murango wacho. Uye, kureva kuti, tinogona kupinda muhudzamu hweizvi, nokuti handitendi kuti kune rumwe kunze kwerufu rwumwe chete. Kune Hupenyu humwe chete. Uye ndinotenda kuti munhu ane Hupenyu Husingaperi haazombofi. Uye ndinotenda kuti pane kuparadzwa zvachose kwemweya unotadza, nokuti Bhaibheri rakati, “Mweya unotadza, uchafa zvemazvirokwazvo.” Kwete munhu; “*mweya* unotadza.” Saka, Satani anofanira kufa zvemazvirokwazvo, zvekuparadzwa zvachose. Ndinopesana zvikuru sei nemauniversalists vanotaura kuti Satani achaponeswa! Akatadza, uye ndiye muvambi wechivi. Uye mweya wake wakatadza; uye akanga ari mweya. Mweya iwoyo uchaparadzwa zvachose, zvokusara pasina chinenge chiripo chawo.

⁴⁷ Zvino chivi pachakarova nyika, kareko pakutanga, semucheka mutema uri kudonha kubva kumatanga, chakatonyatsoremadza nyika. Zvakakandira chisikwa chose, panyika, nezvose zvakasikwa naMwari, muhuranda. Munhu akava pasi pohuranda hwerufu, hurwere, dambudziko, kusuwa. Zvisikwa zvose zvakawa nacho. Chivi chaiva mushonga wechiveve wakanyatsoremadza nyika. Zvino takange tigere pano, tisina tariro, nokuti chisikwa chose panyika chakanga chava pasi pachochi. Uye munhu wose akaberekerwa panyika akanga ava pasi pachochi.

⁴⁸ Saka, rwaifanira kuuya rwuchibva pane imwe Nzvimbo apo pakanga pasina chivi. Harwaigona kuuya rwuchibva panyika. Mumwe wedu haaigona kudzikinura mumwe. Rwaifanira kutobva kune Mumwe.

⁴⁹ Naizvozvo, munhu paakacherechedza kuti akanga aparadzaniswa naMwari wake, akabva ava mudzungairi. Vakaungudza. Vakachema. Vakatangudzika. Vakadzengereka, nemumakomo nemumarenje, vachitsvaka Guta iro muvaki nemugadziri waro aiva Mwari. Nokuti, aiziva kuti kana akangogona kudzokera muHupo Mwari, aigona kuzotaurirana naYe. Asi pakanga pasina nzira yekudzoka nayo. Akabva arasika. Haana kuziva nzira yekuenda nayo, saka akangoenda zvakadaro, achidzungaira, achiedza kuwana pamwe panhu paaikwanisa kuwana nzira yokuti adzokere paNzvimbo iya. Chimwe chinhu mukati make chakamuudza kuti akabva pane imwe—imwe Nzvimbo yakanga yakakwana. Hapana munhu muno muungano iri kuoneka pano, mangwanani ano, kana ari muungano yevateereri vetepi, uko kwaichaenda ichipotera

pasi rose, hapana munhu pano, kana kupi zvako, asi anotsvaka kukwaniswa uku.

⁵⁰ Unoti wabhadhara zvikwereti zvako, wofunga kuti, “Izvi ndazvipedza.” Paunenge wabhadhara zvikwerete zvako, zvino panoita mumwe munhu anorwara mumhuri menyu. Kana hurwere huchinge hwaita zvakana, ipapo unobva wava nezvimwe zvikwereti zvinoda kubhadharwa. Chinhu chokutanga munoziva, vhudzi rako rave kutanga kuchena, zvadaro unenge woda kudzokazve kuva muduku. Uye pane chimwe chinhu nguva dzose, nguva dzose, uye nokuda kwesaisai riya rechivi. Asi mumwoyo mako, nokuda kwekuti uri kuitsvaka, zvinoratidza kuti pane Kukwaniswa pane imwe nzvimbo. Kumwe kunhu, kune chimwe chinhu.

⁵¹ Ndicho chikonzero, nguva zhinji, nhasi, chokuti mutadzi achiri kungodzungaira. Musikana muduku akanaka pachiso, anodimbura mhotsi dzevhudzi rake, kuti ave nemukurumbira; openda chiso chake, kumuita kuti aratidzike kuve nerunako; opfeka mbatya dzinoratidza chimiro chemutumbi wake. Nokuti, ndicho chinhu choga chaanogona kuwana, kuwana imwe nzvimbo yokuedza kuwana chimwe chinhu kuti chidzokere kwaari, apo paanogona kukonzera kuti varume vamuridzire muridzo, vamusimudzire ruwoko, vatambe naye. Jaya rinoita zvimwe chete kumukadzi, rinoedza kuita kuti rimukwezvere kwariri. Vavakidzani vachavaka imba, uye voigadzira neimwe nzira, nokuti inozoratidzika zviri nani kudarika yemuvakidzani wake. Panguva dzose, tiri kutsvaka chimwe chinhu, zvino chimwe chinhu chinongoramba chichienda chiri pamusoro pachu zvisoma. Mudzimai wechidiki achawana mumwe mudzimai wechidiki ane mukurumbira unodarika wake. Muvakidzani achawana imba inoratidzika zviri nani pane yake. Mudzimai achawana mumwe mudzimai akapfeka nemamwe mapfekero, anoratidzika zviri nani pane zvaanoita.

⁵² Chimwe chinhu chiri matiri, chiri kutsvaka chimwe chinhu, uye zvinoratidza kuti takarasika. Tinoda kuwana chimwe chinhu chinotisvitsa pakugutsikana uku, chinozadza nzvimbo iyi yenzara iri imomo, asi zvinoita sokunge tiri kuchishaya. Vanhu vakachiedza nemumazera ose. Vakachichemera. Vakadanidzira. Vakaita zvole zvavaiziva kuita, asi zvakadaro havana kuchiwana, vachidzungaira nemunyika yose.

⁵³ Pakupedzisira, rimwe zuva, ndiro zuva riya reKarivhari, pane Mumwe akaburuka achibva muKubwinya. Mumwe, ane Zita rinonzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, Uyo akabva muKubwinya, zvino Karivhari ndokugadzirwa. Ndiro zuva iro mutengo pawakabhadharwa, uye nyaya yechivi yakagadziriswa nokusingaperi. Uye yakazarura nzira kuchinhu ichi chatiine nzara nenyota yacho. Yakaunza nzvimbo yekugutsikana. Hapana munhu anoti ashanyira Karivhari, uye oiona nenzira yayaive, anozoramba ari zvaari. Zvinhu zvole zvaakamboda

kana kushuvira, zvinozadziswa, kana achinge asvika panzvimbo iyoyi.

⁵⁴ Rakanga riri zuva rinokosha kwazvo, uye chiri chinhu chakakosha kwazvo, zvakazunguza nyika. Zvakazunguza nyika, sezvaisina kumbobvira yakazunguzwa kumashure. Jesu paakafa paKarivhari ndokubhadhara muripo wechivi, nyika ino izere nezvivi yakava murima. Zuva rakavira pakati pezuva, yakabatwa nebuka. Zvino matombo akazunguzika, makomo akapamuka, uye mitumbi yevakafa yakakwakuka kubva muguva.

⁵⁵ Chii charakaita? Mwari vakatarisa vakananga, paKarivhari. Vakakuvadza mhuka iya, inonzi Satani, nokusingaperi. Zvino ave neukasha hwakawanda kubvira ipapo, nokuti rakaunza Chiedza kurudzi rwevanhu. Uye munhu wese anoziva kuti mhuka inenge yakuvadzwa ine ukasha hukurusa, ichikambaira pose-pose nemusana wayo wakatyoka. Zvino, Satani akarohwa zvekusazomukazve, paKarivhari. Nyika yakaratidza kuti ndizvo zvazvakanga zviri.

⁵⁶ Mubhadharo mukurusa wati wambobhadharwa, uye Mumwe chete oga aikwanisa kuubhadhara, akauya ndokuzviita paKarivhari. Ndipo apo mubhadharo mukuru wakabhadharwa. Ndicho chimwe chezvinhu zvacho. Mwari vakanga vachiuda. Hapana munhu akanga akakodzera. Hapana munhu akanga achikwanisa. Hapana munhu akanga achigona kuzviita. Zvino Mwari ndokuuya, pachaVo, uye ndokuitwa munhu, uye ndokurarama hupenyu hwevanhu, pasi pezvido zvevanhu, uye ndokurovererwa paKarivhari. Uye ipapo, apo Satani paaifunga kuti haVaizozviita, haVaizopedza kuzviita, Vakapfuura nemuGetsemane nemuyedzo wose wakambowanikwa nemunhu wese. Vakapfuura nemauro sezvinongoita munhu wese, asi Vakabhadhara mubhadharo.

⁵⁷ Uye ndizvo zvakaisa rima panyika. Zvakanga zvakaita kunge mushonga wechiveve, weopareseni. Kana chiremba akapa munhu mushonga wechiveve, chokutanga anomukotsirisa, asati akwanisa kuzviita. Uye apo Mwari pavakaita o—opareseni vachiitira Chechi, nyika yakabaiwa chiveve, zvisikwa zvakagwinha-gwinha. Ndosaka! Mwari, vari munyama yemunhu, vakanga vari kufa. Yakanga iri nguva iyo yakanga yakatarisirwa nenyika, asi vakawanda vavo havana kuzviziva.

⁵⁸ Sezvazviri nhasi, vakawanda vakatsvaka zvinhu izvi, asi zvakadaro havakwanise kuzvicherechedza. Havacherechedzi nzira yokubuda nayo. Vachiri kuedza kutsvaka mafaro pamwe nezvinhu zvemunyika, vachiedza kuwana nzira yavo yekubuda nayo.

⁵⁹ Pakanga, paine zvikwangwani zvakawanda zvainongedza kuzuva iroro, mifananidzo mikuru yakawanda. Rakanga

rafanofananidzirwa negwayana, nenzombe, nenjiva, nezvinhu zvose izvi, asi zvakadaro hazvina kugona kukuputsa. Hazvina kukwanisa kutyora kubata kuya kwerufu, apo Satani aive aisa nyika.

⁶⁰ Matombo acho chaiwo aakambofamba paari, achikwira nokudzika panyika, esurferi aibvira! Rusiferi aiva mwanakomana wemambakwedza, uye akafamba panyika payakanga iri matombo aibvira. Matombo mamwe chete iwayo akanga azotonhora, Jesu paakafa paKarivhari, akaputika achibuda panyika.

⁶¹ Mubhadharo wakabhadharwa, uye huranda hwaSatani hwakadimburwa. Mwari vakadzose mumaoko emunhu, nzira yokudzokera kune zvaakanga achitsvaka. Akanga asisafanira kuchema zvekare. Akarova, paakatyora musana waSatani, ipapo paKarivhari, musana wechivi, wehurwere! Uye zvinounza munhu wese anofa, ari panyika, kumudzozazve muHupo Mwari, aine zvivi zvaregererwa. Hareruya! Zvivi zvedu zvakaregererwa. Satani haachagoni kutisvibisa achitibvisa pana Mwari.

⁶² Pane mugwagwa mukuru wakagadzirwa. Pane runhare rwuripo ipapo. Pane tambo inoenda muKubwinya, inounza munhu wose kuti ave pedyo netambo iyi. Kana munhu azere nechivi, yakamubatanidza munzvimbo yemubatanidzwa wenhare. Anogona kuregererwa chivi ichocho. Kwete izvozvo chete, asi kuti chivi chakabhadharirwa. O! Haufaniri kutaura kuti, “Handina kufanira.” Chokwadi, hauna, hawaimbofa wakagona kuve wakafanira. Asi Uyo akakodzera akatora nzvimbo yako. Wakasununguka. Hauchafanira kudzungaira zvakare. Hauchafaniri kuva munhu anotsvaka mafaro kunze uko munyika.

Nokuti kune tsime rizere neRopa,
Ratorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
Apo vatadzi vakashamba pasi pemafashamo,
Vanorasikirwa nemakwapa ose ekupomerwa
mhosva.

⁶³ Haufaniri kunge wakarasiika. Pane mugwagwa mukuru, pamwe neNzira, uye inonzi Nzira yehutsvene. Vasina kururama havafambi nepari. Nokuti, anopfura nemutsime, kutanga, zvino zvadaro ozopinda mumugwagwa.

⁶⁴ Akapwanya masimba aSatani. Akazarura mikova yetirongo regehena, kune munhu wese akanga akavharirwa imomo, munyika ino, mumajere, achitya kuti paanofa, rufu rwaizorevei kwaari. PaKarivhari, Akazarura misiwu iya yekamuri dzemujeri, ndokuita kuti nhapwa yose iende yakasununguka. Hauchafaniri zvino kutsimbirirwa pasi nechivi. Hauchafaniri zvachose kupa mitezo yako kuchivi, kunwa, kusvuta, kubheja, kureva nhema. Unogona kuva wakatendeka, uine nduramo, wakarurama. Uye Satani hapana chaanogona kuita nezvazvo,

nokuti wakabata tambo, tambo yeUpenyu yakarovererwa hoko muDombo Remazera. Hapana chinogona kuzunguza kubva paRiri. Hapana mhengo dzinogona kukuzunguza kubva paRiri. Hapana kana chinhu, kunyange rufu pacharwo, harwugoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu. Ndizvo zvaireva Karivhari.

⁶⁵ Vanhu vakanga vari muhusungwa vakasunungurwa. Vanhu vakanga vambori pasi pokutya rufu havachatyi rufu. Munhu anoshuva Guta, iro muvaki nemugadziri waro, Mwari, anogona kupinda pamugwagwa mukuru, onangisa nechiso chake chakatarisa Kudenga, nekuti iye akasununguka. Hareruya! Akadzikinurwa. Haachafaniri kumbeya-mbeya zvekare, nokuti pane nzira yokuziva kana wakarurama kana kuti kwete. Mwari vanotipa Hupenyu. Zvivi zvedu zvaenda. Zuva riya paKarivhari rakabhadhara mubhadharo. Patinoona zvose izvi, ndosaka mudetembi akanyora:

Pakati pematombo aiputika nematenga
 achisviba
 Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe
 ndokufa.
 Chidzitiro chakavhurika chakazarura Nzira
 Kumafaro eDenga nezuva risingaperi.

⁶⁶ Abrahama haachafaniri kudzungaira zvekare, munyika yose, achitsvaka guta. Mutadzi haachafaniri kufunganya zvachose, kuti anogona kuponeswa here kana kuti kwete. Murwere haachafaniri kunetseka kuti achaporeswa here kana kuti kwete. Chidzitiro chakavhurwa, nezuva riya paKarivhari, chakazarura Nzira yekukunda zvachose. Mwari vakatipa masimba eMweya waVo, kuti tirame tichikunda zvinhu zvose izvi; vanotikumbira kuzvitenda chete. Zvakaitika nezuva riya paKarivhari. Hakuna kumbova nezuva rakafanana naro. Hakuchazombovapo rimwe rakafanana naro. Harichisina basa zvekare. Mutengo wakabhadharwa, uye isu takadzikinurwa. Mwari ngaavongwe! Takadzikinurwa. Hapachisina zvokuti unofanira kunetseka nezvazvo. Hapachisina zvokufungidzira pamusoro pazvo. Zvose zvakabviswa. Chifukidzo chakazarura chidzitiro, zvino tiri pamugwagwa mukuru, tisinganetseki zvakare, asi tichitenda uye tichingofambira mberi. Tinofamba tichipinda chaimo muHupo hwaMwari.

⁶⁷ Abrahama aiziva, uye vamwe vaiziva, kuti pavakanga vachitsvaka Guta, vaiziva kuti vaibva kune imwe Nzvimbo. Chimwe chinhu chakanga chaitika. Vakanga vachigara munyika yakaremadzwa. Kudengendeka kwenyika kwakauya. Madutu akauya. Hondo nokuurayana! Mhumhi negwayana zvaidyanana, kana kuti mhumhi yaidya gwayana, uye shumba ichidya nzombe. Hazviratidzike zvakanaka. Pane chimwe chinhu chakatsveyama. Aiziva kuti paiva nechinhu chakatsveyama. Varume nehama vachiuraya hama; baba

vachiuraya mwanakomana, mwanakomana achiuraya baba. Pane chimwe chinhu chakatsveyama. Ari kukwegura. Ari kufa. Ari kuperezeka. Hurwere huri paari. Ari muhuranda. Miti inokura, asi haigare nokusingaperi. Inofa. Makomo anoshanduka. Makungwa anopwa. Mvura dzinopera. Pane chimwe chinhu chakatsveyama. Zvino akatsvaka nzvimbo, Guta umo musingambofi makaitika zvakadaro zvekare. Aiziva, kana akangogona kudzokera muHupo hweUyo akazvigadzirisira, aigona kuzotaurirana naYe.

⁶⁸ O, mukana mukuru, wakadiniko, mutadzi, mangwanani ano, kuziva kuti wave neNzira zvino. Zuva riya paKarivhari rakazarura nzira. Pane zvose izvo madzitateguru aivhima nekutsvaka, Karivhari yakazvipa kwauri, pachena. Ko ungairambireiko? Ko ungairambireiko, kuti ugojoinha sangano? Ko ungairamba sei, uchiitsiva nechimwe chinhu, mafaro enyika? Ko wadini waigamuchira? Chidzitiro chakazaruka chinonyatsodzosa munhu muHupo waMwari, asina chivi paari, chemhando ipi zwayo. Uye chinoisa nzira pamberi pake, kuchinhu icho chaari kutsvaka: Denga, kubwinya, rugare, Hupenyu Husingaperi, zvinhu zvose pamberi pake chaipo.

⁶⁹ Zuva iroro rakava chi—chibhakera chefirapo kusimba raSatani. Rakagumisa zvose.

⁷⁰ Uye ndinogona kuMuona ipapo; Aiva gwayana reEdheni, kubvira pamumvuri wekutanga wakabva pariri.

⁷¹ Apo Abheri, nokutenda, akapirisa kuna Mwari chibayiro chakanakisisa kupfuura chaKaini, aifanira kunge akasungirira mu—muzambiringa muhuro megwayana, ndokuridhonzera padombo. Ndokutora do—dombo muruoko rwake, kuve bakatwa, ndokudhonzera musoro waro muduku kumashure, ndokuritema nokuricheka kusvikira rafa. Uye makushe aro akashambwa neropa raro. Raipfakanya muropa raro. Raiva mumvuri.

⁷² Asi pazuva riya paKarivhari, pakanga pasina gwayana repanyika pano, asi raiva Gwayana raMwari, rakanga riri kufa, richipfakanya muRopa raRo Romene. Rakachekwachekwa, rikatemwa—temwa, rikarohwa, nokusvipirwa mate, rikarohwa, ndokuwaturwa, nezvose, zvichiitwa nenyika, uye Ropa raidonha richibva mumhotsi dzevhudzi raRo.

⁷³ Apo gwayana raAbheri parakafa, rakafa, richitaura nemutauro usinganzwiswi naAbheri. Rakanga riri kuchema.

⁷⁴ Uye Gwayana raMwari parakafa zuva riya paKarivhari, Rakataura nemutauro wekuti hapana akaRinzwisisa. “Mwari wangu, Mwari wangu, ko MaNdisiireiko?” Raive Gwayana raMwari, rakachekwa kuita zvidimbu, rakatemwa—temwa.

⁷⁵ Akanga ari Gwayana racho chairo iro Abheri aive naro mupfungwa dzake, paakaona Mbeu yakavimbiswa yomudzimai. Ndiye aiva Gwayana rakaonekwa naDhanieri, rakatemwa

kubva mugomo, zvisingaitwi namaoko emunhu. Ndiye aiva Vhiri pakati perimwe vhiri, kumuporofita. Zvose zvavakanga vafanoona zvakazadzikiswa nezuva iroro, zuva riya paKarivhari. Rakaunza chinhu chikuru mukati. Ndiro rakatyora musana waSatani.

⁷⁶ Chokutanga, tinofanira kutsvaka kuti zuva iri rairevei. Chechipiri, tinofanira kuona zvatakaitirwa nezuva iroro, zvino, zvarakatiitira. Zvino, chechitatu, ngationei zvatnofanira kuitira zuva iroro. Chii chatnofanira kuita?

⁷⁷ Chokutanga, tinofanira kutarisa mariri, nokuti izuva guru, gurusa pane mamwe mazuva ose. Mubhadharo wechivi wakabhadharwa. Simba raSatani rakaparadzwa.

⁷⁸ Uye zvino tinoda kuona zvatnofanira kuita mukudzosera. Zvino, mukudzosera, Jesu paakafa paKarivhari, paKarivhari nezuva riya, haAna bedzi kubhadhara mubhadharo wezvivi zvedu, asi Akabhadharawo zvakare mubhadharo uye ndokugadzira nzira yokuti tizokwanisa kuMutevera; yedu, savanaAdhama vakawa vakadzikinurwa. Sokutungamirira kwaiita Mweya Adhama (Adhama wekutanga) neMweya, uyo akanga aine simba pamusoro pezvisikwa zvose, zvino isu (Adhama wechipiri), kana kuti vanhu vepanyika vakadzikinurwa naKristu, kubvira pazuva reKarivhari, tinogona kuMutevera. Zvino, paAkafa paKarivhari, Akagadzira nzira. Akabuditsa Mweya, Mweya Mutsvene, Uyo wakatimirwazve panyika, kuitira kuti iwe neni tigoraramiswa nawo. Ndizvo zvinoreva Karivhari kwatiri, kuti tiMutevere.

⁷⁹ Chokutanga, tarira mairi, woona zvayakatiitira. Uye zvino chii chatnofanira kuita maererano nazvo? Chii chinofanira kuitwa newe neni?

⁸⁰ Zvino, tinoti, “Zvakanaka, ndi—ndinozvikoshesa izvozvo. Zvakanaka kwazvo.” Asi tinofanira kuigamuchira. Kuigamuchira, ndiko kugamuchira Munhu waAri, Kristu mumoyo medu.

⁸¹ Zvadaro, takasununguka kubva kuchivi, nokudaro hapana ngetani dzechivi dzakaremba patiri, zvachose. Mwari, sokunge tisina kumbobvira takatadza, Chibairo chakakwana chakatiita vakakwana. Nokuti, Jesu akati, “Naizvozvo ivai vakakwana, kunyange saBaba venyu vari Kudenga vakakwana.” Zvadaro, hapana chichada kuitwa, asi isu tinoitwa vakakwana pamberi paMwari.

⁸² Zvino, ndipo patinorasikirwa nenzvimbo yedu. Kana tikasangwarira, tikaedza kutarisa shure kune zvataimba. Uye chero bedzi tichitarisa shure kune zvataiva, Chibairo hachina zvachinoreva kwatiri. O, hamusi kuzviona here, chechi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Handingadai... Handaimboedza basa racho. Handigoni, uye kana nemi hamukwanisi. Hapana chikonzero chokuedza. Wakarasika, kubvira pakutanga, chero

bedzi uchitarisa kune zvawakamboita. Asi rega kutarira kune zvawakamboita.

⁸³ Tarisa izvo zvakaitwa nezuva riya paKarivhari kwauri. Rakabhadhara mubhadharo wako. Rakapedza dambudziko. “Zvivi zvako kunyange zvakatsvuka; zvachachena semazaya echando. Kutsvuka semucheka mutsvuku; kuchena semakushe amakwai.” Zvadaro hauna chivi. Hauna chivi zvachose. Hazvinei nokuti chii chawakaita, kana zvaunoita, uchingori usina chivi. Chero bedzi wakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako, zvivi zvako zvakaregererwa. Chero chinhu chose *chakaregererwa* “chakakanganwirwa uye ndokukanganikwa nezvacho.”

⁸⁴ Zvino chii charinoita? Rinokupa, mushure mechinhanho ichocho, Mweya waKe, kuti uMutevere, uye kuti uite sezvaAkaita, kune vamwe vari kutevera. Aingove Munhu mumwe chete, Munhu akakwana. Akapa hupenyu hwaKe, uye Akaita muenzaniso kwauri. Zvino chii chatinofanira kuita?

⁸⁵ Zvino, chinhu chokutanga chandinoda kutaura, ndechokuti, Jesu haana kumbobvira azviraramira pachaKe. Hupenyu hwaKe hwakapedzerwa kune vamwe. Ndi hwo, Hupenyu Husingaperi, hwakakwana. Kana iwe uchiti unoenda kuchechi, uye unoita zvinhu zvakanaka, izvozvo zvakanaka. Asi kana ukazviraramira hupenyu hwako pachako, hauna Hupenyu Husingaperi. Hupenyu Husingaperi, kuraramira vamwe. Hwakazviratidza paHwakauya huri muGwayana raMwari. Akararama, uye Aiva neHupenyu Husingaperi, nekuti haAna kuzviraramira pachaKe. Akararamira vamwe. Zvino unogamuchira Hupenyu Husingaperi, nokugamuchira zuva iroro, uye hauchazviraramira pachako zvachose. Unoraramira vamwe.

⁸⁶ Mumwe munhu akati, “Ko sei uchimira, uchirega chero munhu achikudana mazita akaipa kudaro?” Hauzviraramire pachako. Unoraramira vamwe, kuitira kuti ugodzikinura munhu iyeye. Munova vanakomana. Uye dambudziko racho nderekuti, chechi yakakanganwa kuti vanga vari vanakomana. Uri mwanakomana. Uri kutora nzvimbo yaKristu. Uri mwanakomana, saka usazviraramira pachako. Raramira vamwe.

⁸⁷ “Zvakanaka, Hama Branham, ndinogona kuraramira hama *iyi*, nokuti chokwadi munhu akanaka.” Handizvo.

⁸⁸ Raramira munhu uyo anokuvenga. Raramira munhu uyo anokwanisa kukuuraya dai aizvikwanisa. Ndizvo zvavakaita kwaAri. VakaMuuraya, uye Akafa, kuitira kuti Agovaponesa. Ndi hwo Hupenyu Husingaperi. Paunenge, iwe, zvava mumoyo mako, wakatarisana neDenga zvino. Asi unopirisa zvinhu zvako pachako, wozvirega, sezvinoita gwai parinopa makushe aro. Notarisa mberi, wakananga kuKarivhari.

⁸⁹ Ndinovimba kuti izvi zvinokubatsira kuti upinde pane imwe nzvimbo. Ndizvo izvo tabhenakeri, ndizvo izvo vanhu

vose, vanofanira kuita, kutsvaga kuti uri ani, uye nechinangwa chacho ndechipi. Chechi, hakusi kungoenda kuchechi chete kunoridza mumhanzi, nokuimba nziyo. Chechi inzvimbo mune kugadziriswa. “Kutongwa kunotangira muimba yaMwari.”

⁹⁰ “Tinofanira kuzviona pachedu takafa, uye tiri vapenyu kuna Kristu.” Zvadaro, Akagadzira nzira yokuti tizogona kuzvipirisa pachedu kubasa raKe, kuMutevera. Kana tikaMutevera, tinoratidza hupenyu hwaAkararama. Zvinoshamisa kwazvo.

⁹¹ Jesu akati, uye ndokutaura nezvazvo. Regai ndingokupai zvinokorwa zvishomanana nezvazvo. Nyatsoteererai. Musazvipotsa. Jesu akati, neZuva iroto Achapatsanura vanhu, semakwai nembudzi. Uye Iye anozoti kumbudzi, “Mirai kurutivi rwekuruboshwe.” Uye kumakwai, “Mirai kurutivi rwekurudyi.”

⁹² Zvino Akati kumbudzi, “Ibvai kwaNdiri. Nokuti, ndakanga ndine nzara, uye hamuna kuNdipa zvokudya. Ndakange ndiri mutirongo, uye hamuna kuNdishanyira. Ndakanga ndisina kupfeka, uye hamuna kuNdipfekedza. Ndakange ndine nyota, hamuna kuNdipa chokunwa. Ndakange ndichirwara, uye hamuna kuNdishanyira. Saka, ibvai kwaNdiri.”

⁹³ Zvino kumakwai, Akati, “Ndakanga Ndine nzara, uye imi mukaNdipa zvokudya. Ndakanga ndisina kupfeka, uye imi mukaNdipa zvipfeko. Ndakange ndichirwara, uye imi mukaNdishumira.”

⁹⁴ Uye cherechedzai. Musakundika kubata izvi, chechi. Chengetai izvi mumoyo menyu, nokusingaperi. Zvakanyatsoitwa mukusaziva! Vanhu havazviiti nokuda kwekuti mungava webasa. Munhu anokupa chimwe chinhu, nokuti anofanirwa kuzviita, munhu anokupa chokudya nokuti anofanirwa kuzviita, ane pfungwa yeundini. Hunofanira kunge huri hupenyu hwako chaihwo, maitiro ako chaihwo.

⁹⁵ Zvakatoshamisa kwazvo makwai aya, zvokuti vakati, “Ishe, ndepapi paMakanga muine nzara? Uye tikasaKupai zvokudya... Ndepapi paMakanga muine nzara, tikaKupai zvokudya? Ndepapi paMakanga musina kupfeka, tikaKupai ngu? Ndepapi paMakanga muine nyota, tikaKupai chokunwa? Ndepapi paMakanga muchirwara, uye tikaKushumirai?”

⁹⁶ Zvakangoitika zvega saizvozvo zvichibva murudo, hungori Hupenyu hweNyu huchirarama mavari. Mwari, regai vanhu vaone zvatakaitirwa neKarivhari, zvichinyatsoitika zvega.

“Rinhi paMaive makadaro, Ishe? Hatina kumbozviziva.”

⁹⁷ Tarisai Jesu paakatendeuka akati, “Sezvamakaitira kune ava, makazviitira kwaNdiri.”

⁹⁸ Hupenyu husina undini; kwete pfungwa yechipiri. Kwete kufunga nezvazvo; asi wakanyatsofa kuzvinhu zvenyika ino, uye uri mupenyu kwazvo muna Kristu, uye saizvozvo uchifamba pamugwagwa mukuru, apo zvinhu izvi zvinongova chinhu

chinoitika chega. Unongozviita zvakadaro. Usingati, “Saka, zvino, Ishe vanogona, Ishe, vanoda kuti ndiite izvozvo.” Handizvo izvozvo. Iwe unongori chikamu chaKe. Mweya waKe uri mauri, uye unoitaita nenzira yaAkaita nayo. Ah! Zvibatei.

⁹⁹ “Pane nzira inoitaita seyakarurama kumunhu, asi magumo ayo inzira yerufu.”

¹⁰⁰ “Havasi vose vanoti, ‘Ishe, Ishe,’ vachapinda, asi avo vanoita kuda kwaBaba vaNgu,” zvichibva pamoyo yavo, vakasununguka.

¹⁰¹ Zvino, zuva riya paKarivhari rakabhadhara mubhadharo, kuti tigova saizvozvo.

¹⁰² Kwete kuti, “Munoziva, shirikadzi Jones imwe nguva yaiva... Yakanga yapererwa nemarasha, zvino ndakaenda ndikanoitengera marasha. Ndinokuudzai, ndakaona imwe hama yaida sutu, zvino ndakaenda ndikanoitengera sutu. Mwari aropafadzwe! Ndiri Mukristu.” O, ini zvangu! Iwe munhu ane undini, murombo, akasuwa. Uri munyengeri.

¹⁰³ “Usarega ruwoko rworudyi rwuchiziva zviru kuitwa nerweruboshwe, uye rwekuruboshwe kuti rwekurudyi rwuri kuitei.” Wakanyatsofa zvachose muna Kristu, kusvikira unongozviita, zvakadaro. Hunhu hwako. Ndiwo masikirwo ako. Unozviita, zvakadaro. Hunongori Hupenyu hunorarama mauri. Wakazvipira zvachose kuMweya iwoyo, uye Unongorarama pachaWo mauri. O, unonzwa Mweya uya wakakomborerwa, Hupenyu huya! “Handisi ini ndinorarama,” Pauro akadaro, “asi Kristu anorarama mandiri,” zvichingoitika zvoga.

¹⁰⁴ “Zvakanaka, ndinokuudzai, Hama Branham, tiri Makristu pano. Tinobatsira vanhu *ava*. Tinobatsira vanhu *ivava*.” O, ini zvangu! Unonyadzisa iwe. Handicho Chikristu.

¹⁰⁵ Chikristu chinongofanira choga. Chinofanira kuitwa. Uye ingokanganwa nezvazvo, zvose zvekuti, “Ini handisi.” Enda, unozviita.

¹⁰⁶ Kristu akanyatsopa hupenyu hwaKe kuna Mwari zvizere. Akazvipa pachaKe, somuranda wevanhu, kuvanhu. Akapa upenyu hwaKe, pachena. Akanga asina kusungirwa kuzviita. Haana kuzviita achinyunyuta. Haana kuti, “Zvino, hama, imi mose munofanira kufunga zvakananyanya nezvaNgu, nokuti Ndakauya kuzokufirai.” Haana kumbotaura shoko rimwe nezvazvo. Akafa, zakadaro, nokuti aiva Mwari maAri.

¹⁰⁷ NdiMwari mauri, ndiMwari mandiri, anoita kuti titarise kune vamwe. Makwai, kudivi rimwe.

¹⁰⁸ Mumwe wavo achati, “Nhandi, Ishe, ndakaita *chakati*. Uye, Ishe, ndikaita *chokuti*.”

¹⁰⁹ Akati, “Tbvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kana kumbokuzivai.”

¹¹⁰ Kana kereke ikangogona kusvika pazvokwadi dzepakutanga, kuti hachisi chimwe chinhu chaunodza kuita, chaunotoshingaira kuti uchiite. Chimwe chinhu chinotoberekwa mauri.

¹¹¹ Ndiregererewo, shamwari yangu yechiPentekosti. Ini ndiri mupentekosti. Asi shamwari dzangu dzechiPentekosti dzasvika pachinhano, chokuti panofanira kuva nemumhanzi unokurumidza wa—wakawanda, kuridzwa kwezviridzwa, kana kuombera mawoko, kana matamborini, kuti zviunze kudandizira. Anongori manyawi bedzi. Vanoridza zviridzwa vasati vaenda kuhondo. Vanoisa vanhu mumanyawi okurwa. Ndinotenda mumumhanzi. Ndinotenda mukuwombera mawoko. Asi ndinotenda mune zvinhu izvi. Ndizvo chaizvo zvechokwadi. Tinofanira kuva nazvo.

¹¹² Asi makasiya zvinhu zvikuru zvisina kuitwa, ndihwo hupenyu huya hwekuzvipira pachako uhwo Mwari vanorarama mauri, zvichingoitika zvega kuita izvo zvakarurama nokuti zvakarurama. Uchingoenda mberi, pasina chinhu chaunofunga nezvazvo. Uchingozvirarama. Zvadar tarira, unoona zviri kuitika. Unongo...haugoni...Uri mumugwagwa mukuru. Ndizvo zvaireva Karivhari kwauri, pamugwagwa mukuru, wakazarurirwa iwe nezva iroro.

¹¹³ Zvino, rangarirai, haugoni kuva chimwe chikamu mbudzi uye chimwe chikamu hwai. Hazvisangani.

¹¹⁴ Zvino, pane vanhu vakawanda vanoti, “Hongu, munozivei? Tine sangano riri muboka redu. Isu, tinobatsira varombo. Tinoita *zvakati*.” Izvozvo zvakanaka, asi iwe uri kuzviridzira bhero rako nezvazvo. Haudaro.

¹¹⁵ “Unopa rubetsero rwako pakavanda,” Jesu akadaro. Zvinongoitika zvoga, chimwe chinhu kwauri, hazvina kusiyana nokuenda, kunotori mvura yokunwa. Une nyota. Kana munhu ari pedyo newe aine nyota, unofunga nezvakewo, zvakare. Chitsvako chemunhu ari pedyo newe, unofunga nezvake zvakafanana nezvaunoita chitsvako chako. Uye hautombozvitari. Unongorarama zvadaro.

Zvino, haugoni kunge uri chimwe chikamu hwai uye chimwe chikamu mbudzi.

¹¹⁶ Saka kana iwe ukati, “Zvakanaka, chechi yedu ine sangano. Tinopa kuvarombo, uye tinoita *chakati*, uye nokuita *chokuti*, uye nokuita *chimwe*.”

¹¹⁷ Kana uine izvozvo usina zvimwe zvacho, Hupenyu hwaKristu mauri, uri kungozviitira pasina. Jesu...Pauro akati, vaKorinde Vokutanga 13, “Kunyange ndikapapa zvinhu zvangu zvose kuti ndipe zvokudya kuvarombo, uye muviri wangu wopiswa sechibayiro, hapana zvazvinondibatsira.”

¹¹⁸ Zvino, izvi zvakaoma, asi iChokwadi. Unofanira kuuya kuchokwadi ichochi, wocherechedza zvawakaitirwa neKarivhari. Tinoitarisa, uye toti, “Oh, hongu, zvakana.” Handizvo izvozvo. Kana Mwanakomana waMwari uyu akatoenda kuKarivhari, kunorovererwa, mwanakomana wose anouya anofanira kuenda kuKarivhari. Iye anofanirawo kuve neKarivhari. Unofanira kuva nezuya riya reKarivhari. Ndinofanira kuva nezuya riya reKarivhari. Ndiro rinopedza nyaya yechivi. Kwete kugwinha muparidzi chishanu; kwete kuzunguzwa kuti upinde muchechi; kwete kupinda nenzira yetsamba; kwete kupinda nenzira yebasa. Asi kupinda noKuberekwa. Haana kumbobvira akapa tsamba. Haana kumbobvira akapa basa. Akapa Kuberekwa. Ndiwo mapindiro atinoita. Zvadaro, kubva ipapo, zvichingoitika zvoga tave kurarama hupenyu hweChikristu.

¹¹⁹ Zvino, chimwe chitaurwa. Chimwe chikamu mbudzi, chimwe chikamu hwai, havana chinhu chakadaro. Uri mbudzi kana kuti uri hwai. Hausi chimwe chikamu mbudzi uye chimwe chikamu hwai. Uri mbudzi kana kuti uri hwai.

¹²⁰ Zvino, kana uri kungoita zvinhu zvakana, uye wofunga kuti unogona kupinda, nokuda kwaizvozvo, zvikadaro hapaizombodiwa kuti pave nezuya riya reKarivhari. Murawo wakapa izvozvo. Asi, nokuda kwekuti zvakatatora zuva reKarivhari, kwaiva kuunza izvi, kuti isu tirege kuzongova bedzi nhengo dzechечи, asi kuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndizvo zvaiva zuva reKarivhari. Ndizvo zvaraireva kwauri, kuitira kuti ugoita, nokutevera, uye nekuita saJesu.

¹²¹ Zvino, rwizi harwumhanye rwuchikwira nokudzika, panguva imwe chete. Rwizi rwunongomhanya nenzira imwe chete. Uye Mweya waMwari unongomhanya nenzira imwe chete. HauZvisanganise nezvimwe zvinhu. Unomhanya nenzira imwe chete.

¹²² Tarisai Jesu, mukuvhara. Jesu akati, “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaitawo, uye makuru kudarika aya muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

¹²³ Handisi kutaura izvi zvakanyanya kucheche iri pano. Munonzwisisa. Asi Mharidzo idzi dzinotepwa. Makumi ezviuru anodzinzwa, kupoterredza pasi rose.

¹²⁴ Ndiri kuzopindura mubvunzo uya kumutsoropodzi, iko zvino. Ndagara kazhinji ndichinzi. . . ndakaudzwa. Vanoti, “Seiko, uchitenda Bhaibheri? Jesu akati, ‘Mabasa aya aNdinoita nemi muchaaaitawo zvakare, uye makuru kudarika aya muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.’”

¹²⁵ Ungaipakusvika pakadini, changamire? Ungatetereka zviri kure zvakadini nekunzvera zvakavanzika, nenjere dzako dzedzidzo yemagwaro, nekunzwisisa kwako kwepfungwa kwechero chinhu? Shamwari yangu ane nyasha uye akarasika,

haugoniwo here kunzwisisa kuti Bhaibheri iri rinodudzirwa nemweya?

¹²⁶ Jesu akatenda Baba kuti Vakanga vakaRivanza kubva kune vakadzidza, nevakangwarisa, nevakachenjera, nevakangwara, uye vozoRizarura kune vacheche seavo vanouya kuKarivhari.

¹²⁷ Zvino tarirai. Jesu akati. Tarirai matauriro aAkazviita. “Mabasa aNdinoita,” Ari kuaita iye zvino. “Mabasa aNdiri kuita iye zvino, kupodza vanorwara, kumutsa vakafa, kusvinudza meso emapofu, mabasa aya imi muchaaitawo zvakare. Muchaita aya kana muchitenda maNdiri. Munoita mabasa aya. Uye zvararo guru kudarika iri muchariita, nokuti ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

¹²⁸ “Kwechinguvana, zvino nyika haichazoNdioni zvakare, asi imi muchaNdiona. Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Handingakusiyei musina nyaradzo. Ndichakumbira kuna Baba; Vachakutumirai mumwe Munyaradzi, anova Mweya Mutsvene, uyo nyika haigone kumugamuchira; asi, munogona kuMugamuchira.”

¹²⁹ Zvino cherechedzai. Mabasa “makuru”, kwaive kuva neSimba muChechi, kwete bedzi kupodza varwere nemunamato, kudzinga madhimoni nemunamato, asi kupa Hupenyu Husingaperi kune vatendi. Mweya Mutsvene wakanga uchiuya, uye ndokupiwa mumaoko eChechi, kupa Hupenyu. O! Ndizvo zvaireva Karivhari. Yakatora varume navakadzi vakafumuka, vakaderera, uye ndokukasimudzira panzvimbo, yokuya vanakomana nevanasikana vaMwari, kupodza vanorwara pamwe nokupa Hupenyu Husingaperi; nokupa Mweya Mutsvene kune vatendi vanoteerera, varume vakange vasingatendi pane imwe nguva, vakaitwa vatendi, uye nokupa Hupenyu Husingaperi, hwepamweya. Ko zvikuru zvakadini, kutaura . . .

¹³⁰ Mukadzi uyu ari kurwara arere pano, ndinogona kunamata munamato wokutenda uye agopodzwa. Chinhu chikuru ichocho. Ndizvo zvaAiita kareko.

¹³¹ “Asi,” akati, “zvikuru kupinda izvi muchazviita. Ndichakupai Simba, kwete bedzi rokungomumutsa kwechinguva, asi kumupa Hupenyu Husingaperi, uhwo huchava hwemuna Ziendanakuenda, nokusingaperi.” Vanhu varombo, mapofu, vanonzwisa urombo, ko munozvipotsa sei izvozvo? Hamuoni here kuti chinhu “chikuru” chakaita sei? Ndicho chinhu chikurusa chati chamboitika, kwaiva kupa Hupenyu Husingaperi kuvanhu. Hupenyu Husingaperi chii? Hupenyu hwaAkararama, Hupenyu hwaiva maAri, hupe kune vamwe. Ko munhu anogona kuzviita here izvozvo? Mwanakomana waMwari anozvigona.

¹³² Jesu akati, “Ani nani wamaregerera zvivi zvake, kwavari zvaregererwa; ani nani wamusingaregereri chivi chavo, kwavari hazviregererwi.”

133 Zvino apa ndipo apo chechi yeKatorike nevamwe vazhinji vakaita mhosho yavo huru. Ivo vanoenda vachiti, “Ndinoregerera zvivi zvako.” Handizvo zvazvakanga zviri.

134 Ko vairegererwa zvivi sei, muBhaibheri? Petro akapindura mubvunzo iwoyo, paZuva rePentekosti. Vakati, “Chii chatingaita kuti tiponeswe? Ko tingawana sei iChi chamakawana mose?” Iye akapa gwaro remushonga wacho. Akavaudza zvokuita.

135 Akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, kuna Mwari, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu.” Kuitirei? Kuregererwa kwezvivi zvenyu. Hayo mabasa “makuru.”

136 Vangani, imi vaparidzi mangwanani ano, vangani, imi muri kuteerera kuShoko rangu riri patepi yemagnetu, vari kubvuma kuenda kuKarivhari mangwanani ano? Uye tarirai zvamakaitirwa naMwari ipapo. Uye chisiyayi zvitendwa zvenyu zveasangano, uye moparidza Evhangeri. Hareruya! Zvava kwauri zvino. Chii chauchaita naZvo?

137 “Nokuti kutendeuka nekuregererwa kwezvivi kunofanira kuparidzwa nemuZita raKe, kunyika yose, kutanga paJerusarema.” Hareruya! Girori! Hezvoka izvo.

138 Ko Karivhari inorevei kwauri? Ko zuva iroro rakaitei kwauri? Ko rakakuzadza nezvinhu here, neimwewo dzidzo yebhaibheri? Ko rakakuita munhu anozvitutumadza here? Kana kuti rakakuita Mukristu, akazvipira zvachose? Hareruya!

139 Chivi, charegererwa! “Mabasa makuru kupfuura aya imi muchaaita.” Munoono kuti vana “imi” ndivanaani, hamudaro here? “Mabasa makuru pane aya,” kuregererwa zvivi, nemuZita raJesu Kristu.

140 Asi kubudikidza nezvitendwa nemasangano, nezvakadaro, zvokusungirira pasi pane imwe nzvimbo, uchiri kushumira nyika. Ndiudzei mumwe murume, ndiudzei mumwe mukadzi, anogona kuuya paKarivhari uye oedza kuva mumwe munhu mukuru nokuda kwekuti mumwe munhu akataura chimwe chinhu. Ndiudzei kuti ndekupi kwaungagona kutarisa kuchiso cheKarivhari, muchiedza chayo chakakodzera, zuva riya muKarivhari. Unogona kuva sei nezvava rako paKarivhari, zvino wobvapo uri munhu anozvitutumadza? Ko ungabudamo sei uri chidhori cherimwe sangano, uye uchiparidza dzimwe dzidziso dzakagadzirwa nevanhu? Sei isingakuninipise kuShoko raMwari? Kana ukamboenda ikoko, unobuda ikoko wakazvininipisa. Ungada sei kuva chimwe chinhu chikuru musangano rako, uine munhenga munguwani yako, apo Jesu Kristu Mwanakomana waMwari akaZvininipisa kuva muviri wakachekwa-chekwa, kuva chiso chakasvipirwa, kusvika kunyadziswa nekuzvidzwa? Uye vakakurura nguvo dzaKe, uye ndokuMuroverera pamuchinjikwa, pamberi penyika. “Achizvidza kunyadziswa.” Ko ungaenda sei kuKarivhari

uye wobvako uri chinhu chakasiyana nezvaAiva, mushoriwa, chinyadzo?

“O,” iwe unoti, “vanozondidzingira kunze.” Varege vakudzinge.

¹⁴¹ Iva nezuva rako paKarivhari, Mwari achava nenzira yaKe newe. Regai ndizvitaure zvakare. Iva nezuva rako paKarivhari, Mwari achava nenzira yaKe newe.

Ngatinamatei.

¹⁴² Ishe, O Mwari, titorei tose tikwire kuKarivhari iko zvino. Itai kuti tive pane zvatiri, Ishe, kutya vanhu, kutya kuti mumwe munhu achazoti kudini. Handiti, nyika yose yakaMuseka, ikaita jee naYe. Asi Akateerera, kusvika parufu. Akateerera, kusvika pakunyadziswa. Akateerera, kunyange pasi pehurumende yaitonga.

¹⁴³ Uye tinocherechedza kuti Satani paakarova nyika ino, akava mutongi uye ane simba munyika ino. Akapupura zvimwe chete pamberi paIshe wedu, uye ndokuti, “Humambo hwese uhu ndehwangu. Ndichaita nahwo chero zvandinoda.” Uye tinocherechedza kuti, kubva pazuva iroro kusvika pane rino, nyika ino, iri pasi pechituko, yanga ichitongwa neuyo akaituka.

Asi, Mwari, O Mwari, tinoshumira Humambo husina kutukwa.

¹⁴⁴ Mwari, Baba, zvinoshamisa sei, kuti Makaita zvimwe zvinhu zvikuru mu—munyika yemufananidzo nhasi. Muchiita kuti mifananidzo mikuru iyi, se*Mirayiro Gumi*, nezvakadaro, ibuditswe, kuti varume nevakadzi vaone, avo vasingadi kana kumbopinda nepasuwo rechechi, asi kuti vaone zvazviri. Nzira yaMwari inzira yakarambwa, nenyika. Nokuti isu takafanana. . . Tinoenda kuRussia pasi pecommunism.

¹⁴⁵ Tiri munyika ino, asi hatisi venyika ino. Takaenda kuKarivhari. Takazvirovera pamuchinjikwa, nokuda kweHumambo hwaMwari, kuti tive mumwe wevaKe. Zvisinei kuti nyika inoti kudini, tinoenda munzira pamwe chete nevakazvidzwa vashoma vaShe. Tinoenda mberi kurumuko, uye tinotenda kuti kwave pedyosa, Ishe, kusvikira apo patichamutswa kuva muHumambo huchatora simba pamusoro penyika ino. Sokufanoonekwa kwahwakaitwa naDhanieri, uye hwakaputsanya nyika yose, kuva hundi hune tsanga duku, uye mhepo yakaifuridza ichiibvisa paburiro rezhizha. Asi, gomo, Ibwe rakakura ndokuva gomo guru rakazadza nyika yose. Ibwe iroro richauya. O Mwari, tinoda kuva chikamu charo. Regai tizvirambe pachedu, totakura muchinjikwa wedu zuva rimwe nerimwe, toraramira Kristu, toraramira vamwe. Zviitei, Ishe.

¹⁴⁶ Pane vamwe here pano mangwanani ano, vasingaMuzive seMuponesi, uye vachida kurangarirwa mumunamato wekuvhara, uye vachida kuti rino rive zuva ravo

paKarivhari, mungasimudza maoko enyu here, uye muchiti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndinoda kuMuziva seMuponesi wangu.” Mwari vakuropafadze, mujaya. Mumwe munhu zvakare? Mwari vakuropafadzei, hama yangu kumashure uko.

¹⁴⁷ Pangava nemumwe munhu here? Iti, “Ndinoda kuMuziva. Ndinoda rino rive zuva riya paKarivhari, kwandiri. Ndaneta nokushushikana. Zvichandibatsirei kutamba ndiri pano nechinhu chaicho chandakazvarirwa kuti ndiite? Ndakazvarwa, ndakazvarwa kuti ndive mwanakomana waMwari, uye hezvinoi pano ndiri kubatirira kuzvinhu zvemunyika. Mwari, regai ndirovererwe pamuchinjikwa nhasi. Regai ndizviroverere pamuchinjikwa, nhasi, pachangu pamwe nepfungwa dzangu, kuti ndirarama naKristu, uye nokuraramira vamwe. Zvisinei kuti vanoitei kwandiri, kuita dambe neni, uye nokunditambudza, pamwe nokutaura zvoze zvakaipa pamusoro pangu, uye nezvimwewo, regai ndingofamba ndichienda ndakazvinipisa, ndiri muhunyoro, segwayana, sezvaAkaita. Uye rimwe zuva, Akavimbisa kundimutsa zvakare, paZuva rokupedzisira. Ndiri kutarisira Zuva iroro.” Pangave here nemamwezve maoko angasimuka? Mwari vakuropafadzei kumashure uko, uye nemi. Zvakanaka. Mamwezve anongo... Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Vamwezve, apo tisati tanamata.

¹⁴⁸ Baba vedu voKudenga, zvakanzi, apo Petro paakaparidza neZuva rePentekosti, “Kune vose avo vakatenda vakawedzerwa kuChechi.” Vakatenda zvemazvirokwazvo nemwoyo yavo yose. Vanhu ava vachangosimudza ruwoko rwavo, ndinotenda kuti vatenda nemoyo wavo wose. Uye kana vadaro, pane dziva remvura rakamirira pano. Vanoda kuti zvivi izvozvo zviregererwe. Pane mumwe munhu pano anogona kuvabhabhatidza muZita riya, uye Zita roga riripo pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu, kuti tigooneswa.

¹⁴⁹ Nokuti, Sokutaura kwandaita Gwaro nguva shoma yapfuura, kuti, “Kutendeuka nekuregererwa kwezvivi kunofanira kuparidzirwa muZita raKe, kunyika yose, kutangira paJerusarema.” Uye paJerusarema, apo kutendeuka nekuregererwa kwechivi pazvakaparidzwa, muapostora akavaudza nezveMagwaro, uye akati vanofanira “kutendeuka, kutanga, uye zvadaro vobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.” Ndiro raiva basa remuparidzi rekuti aite. Kuti ivo vatendeuke, uye iye ovabhabhatidza kuti varegererwe chivi chavo. “Ani nani wamaregerera zvivi zvavo, kwavari zvaregererwa; ani nani wamusingaregereri zvivi zvavo, kwavari hazviregererwi.”

¹⁵⁰ Baba, ko nyika yakambosvika sei pakupengereka sekwavainako? Sei vasingatendi Evhangeri riri nyore? Zvino vanotounza, pana iyo, kuti vatsivanise: mazita enhema, rubhabhatidzo rwenhema, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene

rwenhema, kugwinhana chishanu nevashumiri, vachishandisa madunhurirwa aBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, zvisitombori muMagwaro; chinyorwa chakaitwa nevarume veRoma, isiri dzidziso yeChikristu isiri chero papi zvapo muBhaibheri. Kuregererwa kwezvivi hakugoni kuregererwa kuburikidza nedunhurirwa, asi kuburikidza neZita raJesu Kristu.

¹⁵¹ Zvino, Baba, tinoziva kuti haifarirwe kwazvo. Nzira dzenyu dzagara nguva dzose dzakadaro. Asi regai varume nevakadzi, mangwanani ano, vauye kuzuva iroro, zuva riya paKarivhari. Apo, Jesu, achishora zuva iroro, kunyadziswa kuya, achikururwa nguwo dzose, achichekwa-chekwa kuita zvidimbu, achisvipirwa mate, pamwe nokuitwa dambe naye; nenyika yose, nechechi, nevanhu vaifanira kunge vakaMuda. Uye, kunyange zvakadaro, mune zvole izvozvo, haAna kuzarura muromo waKe, uye ndokuenda akanofira vanhu avo vakanga vachiita dambe naYe.

¹⁵² Mwari, endai nesu kuKarivhari mangwanani ano. Uye kana vakati tinopenga, vakati takatora Magwaro zvisiri izvo, chero zvavanoda kutaura, Mwari, havagoni kumira muHupo hwaMwari uye voti handizvo.

Havagoni kufukidza zvivi zvavo neBhaibheri. Bhaibheri rinofukura zvivi zvavo: kusatenda kwavo; kuti vave nemukurumbira; kuti vaite sevamwe vose veruzhinji. Regai vauye kuKarivhari mangwanani ano.

¹⁵³ “Uye kutanga paJerusarema; kuti kutendeuka nekuregererwa kwezvivi kunofanira kuparidzwa muZita raKe kumarudzi ose, kutangira paJerusarema.”

Ngavatore danho rimwe chete riya rokurovererwa pamuchinjikwa kuti vachekwe-chekwe; uye vasvipirwe mate; pamwe nokuitwa dambe navo; uye vagodanwa zvole zvavanogona kuti vadanwe zvichienderana nokunzi vapanduki pachitendero; vaparadzi vemachechi; zvole zvavanoda kudana.

Dai isu, Ishe, mangwanani ano, tatora nzira yedu nevakazvidzwa vashoma vaShe. Dai tikafamba sezvakaita vaapostora, tisingatsaukire kurudyi kana kuruboshwe, uye zvichibva nepakunaka kwemoyo yedu toshumira Mwari. Zviitei, Baba.

¹⁵⁴ Zvino, podzai vanorwara nevanotambudzwa vari kuuya mumutsara wemunamato. Dai ava vasimudza maoko avo, mumoyo yavo, vatendeuka, iye zvino. Dai avo vanga vari kusabatikana kwenguva refu, vaenda kumvura nokukurumidza uye voita kuti zvivi zvavo zviregererwe paZita reChibayiro, Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen.

Zasi pamuchinjikwa apo pakafira Muponesi wangu,
Zasi ipapo ndakachemera kucheneswa kubva pachivi;

Ipapo kumoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kune raKe . . .

Kubwinya kuZita raKe!
O, kubwinya kuZita raKe!
O, ipapo kumoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!

Ndakaponeswa zvinoshamisa kubva pachivi,
(Sei?)

Jesu mukutapira kwazvo anogara mukati,
Ipapo pamuchinjikwa apo iYe . . . (Kuva
mumwe waKe.) mukati;
O, kubwinya kuZita raKe!

Kubwinya kuZita raKe!
Kubwinya kuZita raKe! (Zita rakakosha.)
O, ipapo . . . moyo Ropa rakaiswa;
Kubwinya kune raKe . . .

¹⁵⁵ Ko izvozvo hazvina chimwe chinhu chazvinongokuita here? Kungokukweshwa. Zvinoisa tariro mamuri: Hupenyu, Hupenyu Husingaperi.

¹⁵⁶ Zvimorevei “kurovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naKristu”? Kuraramira vamwe. Imhandoi yevamwe? Avo vanokuvenga, vaya vasingakufarire, vaya vanoita dambe newe: vararamire; iva pamwe navo; vade; “namatira avo vanokushandisa zvakaipa, vachitaura mhando dzose dzezvakaipa dzingori nhema, nekuda kweZita rangu. Vakatabudza vaporofita vaiva pamberi penyu.”

¹⁵⁷ Ndakafunga kuti mharidzo zvichida ichabatsira chechi mangwanani ano, kuti muone kuti tinoda Karivhari, tinoda kurovererwa.

¹⁵⁸ Zvino ndezvipi zvose zvayakaita? Zvose zvakabhadharirwa. Hanzvadzi uri muhwiricheya, kune vanhu vari pano avo vari kurwara uye nevanotambudzwa: Zvose zvakabhadharirwa; chinhu choga chaunofanira kuita kutenda kuti ndekwako; kugamuchire nenzira imwe cheteyo, zvino uchapodzwa.

¹⁵⁹ Rangarirai: Zvino chii? Unogona kuenda kunyika, woparidza Evhangeri, wopodza vanorwara; uye wopa Hupenyu Husingaperi.

Zvingava zvikuru zvakadini: zvokuti, heunoi murume akarara pano ne—nebundu, kenza, chero chii zvacho. (TaMuona kwenguva dzakawanda achipa maropafadzo aKe uye opodza murume, opodza mukadzi; makumi ezviuru akapetwa zviuru ezviitiko zvisina kumbokundika pasi rose, maona, vachibviswa panhowo, masitirecha; vangori mimvuri yevanhu vakadyiwa nekenza; nhasi, vanhu vari kunzwa zvakanaka, vane utano hwakanaka.) “Mabasa aya aNdinoita nemi muchaaaitawo

zvekare; asi makuru kudarika aya muchaaaita”: “akawanda kudarika aya,” ndizvozvo.

Chii? Ndakavapa kuwedzerwa kwehupenyu, nemuZita raJesu, kuwedzera upenyu hwavo kwemazuva mashoma.

Asi, “Akawanda kupfuura aya muchaaaita: muchavapa Hupenyu Husingaperi kuburikidza neZita raNgu.” Whew!

¹⁶⁰ Ko iwe unganyara sei neZita iroro rinokosha? Sei vanhu vachiriramba uye voenda vachibva pariri? Ndidhiyabhore. Zvirokwazvo.

¹⁶¹ “Kutendeuka pamwe nokuregererwa kwechivi kuparidzwe nemuZita Rake kune pasi rose, kutangira paJerusarema.” Ndipo pakatangira Mharidzo kubuda kunze. Ndizvozvo here? “Kutendeuka pamwe nokuregererwa kwechivi kuparidzwe muZita raKe, kutangira paJerusarema.”

¹⁶² Zvino, kutanga, tichaita sezvaAkaita: kuva nemunamoto wekupodza varwere.

¹⁶³ Chinotevera, tichava nechipo chikuru: Mvura yagadzirirwa, kumashure kuno, kuitira ani zvake anoda kubhabhatidzwa (pane hanzu imo muno dzevakadzi, nehanzu imo muno dzevarume), dzakamirira imi kuti zvivi zvenyu zviregererwe; nekuti rangarirai, kuti munogona bedzi kuti zvivi zvenyu zviregererwe maererano nedzidziso yeBhaibheri. “Nokuti hakuna rimwe Zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu, raunofanira kuponeswa naro.”

¹⁶⁴ Pauro akasangana nevamwe vakanga vabhabhatidzwa nechekare. Uye vakange vachidanidzira, vaine kukunda. Akati, “Ko makabhabhatidzwa sei?”

Ivo vakati, “Kuna Johane.”

Akati, “Johane akabhabhatidzira kutendeuka.” Zvino, batai izvi: kusvika pakutendeuka, kwete kuitira kuregererwa kwezvivi. Vangani vanonzwisisa izvozvo? Kwete kuitira kuregererwa kwezvivi. Vakabhabhatidzwa vose zvakanaka, kusvika pakutendeuka. Vakanga vatendeuka: “Hongu, changamire, ndatendeuka. Ini, ndinotenda kuti Ari kuuya.” Vakabhabhatidzwa kusvika *pakutendeuka*; zvichireva kuti, “kutenda kuna Ishe Jesu Kristu.”

¹⁶⁵ Zvino pavakanzwa *izvi* (kuti Chibairo chakanga chatouya kare), vakabhabhatidzwa patsva zvakare, muZita raJesu Kristu. Zvino zvadaro, Mweya Mutsvene, wakapiwa kwavari, apo paakaisa maoko ake pavari; zvino vakataura nendimi vakaporofita.

¹⁶⁶ Zvino, uchashandura sei Gwaro iroro? Iwe isa munwe wako panzvimbo imwe chete muBhaibheri apo chero ani zvake akamboregererwa zvivi zvake, muTestamende Itsva, uye akambobhabhatidzwa neimwewo nzira kunze kwemuZita raJesu Kristu.

¹⁶⁷ Ndiratidze nzvimbo imwe chete muBhaibheri apo mumwe munhu akambobhabhatidzwa nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Kana kuti unza padhesiki rangu nhoroondo, nhoroondo yechechi inoratidza apo chero ani zvake akambobhabhatidzwa nemuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, kusvikira pave nemakore mazana matatu neanoraudzira mushure mekufa kwemuapostora wekupedzisira, apo chechi yeKatorike yakavambwa.

¹⁶⁸ Zvino, ndine *Pre-Nicene Fathers*, uye ne... vanyori vose venhoroondo, uye zvose, mukamuri yangu yekuverengera chaimo: nhoroondo yekare-kare, yakayereswa munyika yose; umboo hwega husingakundike hwatinahwo.

¹⁶⁹ Verengai *Our Sunday Visitor*, kana katekazi yechechi yeKatorike, zvino wocherechedza, zvaanotaura: “Vamwe Maprotestanti zvichida vachaponeswa, nokuti vanokotamira dzidziso yeKatorike: Nokuti Bhaibheri ravo rinoti, ‘bhabhatidzai nemuZita raJesu Kristu,’ asi takabvisa kuyereswa pane ‘Zita raJesu,’ uye ndokukuisa pana ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’ uye vano zvibvuma.”

Zvino, ndiratidzei Gwaro rinopesana nazvo.

¹⁷⁰ Zvino hezvoka izvo. Uye zvakadaro, Nyika inonyatsozvigwadamira. Sei? Havana kumbobvira vakaenda kuKarivhari. Ndizvozvo. Havana kumbobvira vakaona.

¹⁷¹ Vachaita dambe nemi uye vokudanai kuti... vachatokudana kuti, “Muumburuki-mutsvene,” “Jesus only,” nemamwe mazita ose aye ekupengereka avanenge vagona. Zvinoita mutsauko wei izvo zvanokudanai? Chii chava... Akaita hany’a here nezvavakaMudana? Akarovererwa pamuchinjikwa. Akararamira Mwari, uye Mwari oga. Uye kana Mweya mumwe chete, waiva maAri, uri mamuri, uchakuitai kuti muite chinhu chimwe chete: kutakura Zita raKe. “Chipi chose chamunoita” (Bhaibheri rinodaro) “mushoko kana mukuita, itai zvose muZita raJesu, muchipa rumbidzo kuna Mwari.”

¹⁷² Ndekupi kwamunowana dzidziso iya yehutatu, yechihedheni? Inobva mukatekazi, kwete kubva muBhaibheri. Shoko rokuti “hutatu” harina kana kumbotaurwa zvachose muMagwaro ose kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa. Hakuna chinhu chakadaro. Hakuna chinhu chakadaro samwari mumwe ari muhutatu. Iye ndiMwari, Mwari oga, Mwari mumwe chete. Akagara nguva dzose ari Mwari mumwe chete. Akashumira mahofisi matatu: Akashumira kamwe saBaba, pasi paMosesi. Akashumira kamwe ari munyama, seMwanakomana, Jesu. Anoshumira iye zvino seMweya Mutsvene. Asi ndiMwari mumwe chete. Mwari mumwe chete, kwete ane mazita matatu. Mahofisi matatu, madunhurirwa matatu ari muZita rimwe chete: Jesu Kristu.

173 Chero chipi hacho chakasiyana chihedheni; uye ndinokumbira mumwe munhu kuti azviratidze, kana zvisiri izvo. Ndizvozvo. Ndazvitaure izvozvo kwemakore nemakore nemakore, uye hapana munhu ati azviita, nazvino (Maona?), nokuti hazvigoni kudaro. Ndine. . . herinoi Bhaibheri, kutanga; uye hedzinoi nhoroondo dzekare-kare kuratidza kuti ndizvozvo chaizvo. Zvino sei dhiyabhore achingo. . . ? Ini. . . Zvakanaka, Bhaibheri rakati vachange vakadaro: “Ko vangauya sei, kunze kwekunge Ndavakwezva?” Ndizvo zvose zvandinongoziva nezvazo. Ndizvo zvakataurwa naJesu, saka. . .

174 Handisi kutaura izvozvo kuti ndive. . . Kana ndazvitaure, uye ndichiparidza mharidzo seino, ndinenge ndiri munyengeri akadereresha pakati penyu. Ndizvozvo. Ndinozvitaure nokuti Ichocho iChokwadi uye Ichocho Hupenyu. Vose vakabhabhatidzwa muna Kristu, vanopfeka Kristu. Vane Hupenyu, kuburikidza Nezita raKe.

175 Tinonamata nemuZita raKe, tinotsvaka nemuZita raKe, tinoparidza nemuZita raKe, tinobhabhatidza nemuZita raKe, tinorarama nemuZita raKe, tofa nemuZita raKe, toenda kuDenga nemuZita raKe, tomutswa nemuZita raKe. “Mhuri yose iri Kudenga inonzi Jesu.” Bhaibheri rakadaro: “Mhuri yose iri panyika inonzi Jesu.” Akati, “Ndakauya mune vaNgu. . .”

Unoti, “Zvakanaka, iZita raBaba.”

Baba harisi zita, idunhurirwa. Akati, “Ndakauya nemuZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira.” Zvino, Akauya muZita ripi? Uh-huh. Zvirokwazvo, “. . . uye hamuna kuNdigamuchira.”

176 Saka hezvoka izvo; zvinongori, hongu, zvakananzwa kumeso evakachenjera nevakangwara. Zvechokwadi, ndizvo chaizvo zvazviri, uh-huh.

177 Uye umo muna Zvakazarurwa, sekudzidzisa kwatakaita rimwe zuva: heyo chechi yakare chipfeve, inova sangano rokutanga; uye zvadaro yakava neboka revanasi kana vakanga vaberekwa kubva mairi. Vanoita chinhu chimwe chete, tsika imwe chete. Inozoguma yose yave muBhabhironi, nenzira imwe chete, ne. . . nechechi yeRoma pamwe nemubatanidzwa wemachechi e—enyika; uye heinoi iyo, ose achigumisira, ose muchinhu chimwe chete, chikepe chimwe chete.

178 Asi Chechi yaMwari (Hareruya!), iChechi yakadanirwa kunze, yakapatsanurwa. Chechi yakavakwa sei? Ko uchaziva sei izvi? Ko ungangwara kuziva sei kuti ichi iChokwadi? Kana Mwari vachinge vachizarura kwauri. Ko sei—ko sei Abheri akaziva kuti rakanga riri gwayana panzvimo yemaapurosi? Zvakazarurwa kwaari: “Nokutenda Abheri akapa kuna Mwari chibayiro chakanakisa kwazvo.”

179 Achidzika kubva muGomo Rekushandurwa, Jesu anoti, “Ko vanhu vanoti ndiNi ani?”

Vamwe vakati, “Eria,” “Mosesi,” nevamwe zvakadaro.

Akati, “Asi ndiri kubvunza imi, ‘Ko imi munoti ndiNi ani?’”

Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari anorarama.”

¹⁸⁰ Akati, “Hauna kumbozvidzidza izvi...” Neimwe nzira (Ndinotaura izvi, kwete kuva mukuru, asi kuti ndisimbise pfungwa yacho): “Hauna kumbodzidza izvi mune imwe seminari; hapana mumwe munhu akakudzidzisa izvi; asi Baba vaNgu, vari Kudenga, vazvizarura kwauri: kuti NDIRI (kwete Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, asi, ndiNi Jesu Kristu). Uye pamusoro pedombo iri (Dombo ripi? Rimwe chete iro kwakaenda Abheri; pamusoro pedombo rimwe chete iroro.), pamusoro pedombo iri, Chokwadi chaMwari chakazarurwa pamweya, Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo ehadhesi haangatongogoni kuikunda.” Ndizvozvo chaizvo. Anoyedza, asi haangatongogoni kukunda. Maona?

¹⁸¹ Saka chingoenda kuKarivhari, worovererwa pamuchinjikwa, wodzoka, zvino wotora nzira yako nevanoshorwa vashoma vaShe, wofambira mberi.

¹⁸² Zvino, Ishe, tiri kuisa zvinhu zvose kwaMuri. Handizivi, kubva muboka iri, avo vari muno. Handina zano rekuziva, Ishe, kunze kwekunge Mazvizarura. Uye zvino, Mwari Baba, handisi kuKukumbirai kuti muzviite. Ndangozviisa kune vanhu. Havanoi avo. Dai ino ikava Karivhari yechokwadi mangwanani ano; dai kukava kurovererwa kwechokwadi kwekuda kwedu pachedu, nekune zvishuvo zvedu pachedu, uye nekune zvinhu zvikuru zveupenyu.

¹⁸³ Dai varume vakava vakaninipa, uye vachida kutora nzira pamwe nevanoshorwa vashoma vaShe. Dai vakafamba mukuzvininipisa. Dai vakazvarwa muHumambo huno, Humambo hukuru uhu hwaMwari, unova mutumbi wemweya, mutumbi wekudenga waKristu uri panyika: “NeMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mumutumbi mumwe chete.”

¹⁸⁴ Zviitei, Ishe. Vangava vari vatema, vachena, veyero, vebhurauni, chero zvavari, murume kana mukadzi, musungwa kana akasununguka: tose takaitwa kuti tinwe paMweya mumwe chete.

¹⁸⁵ Zviitei, Baba, uye dai zvikava ne...pakati pevazhinji, mangwanani ano, kuti vachanzwisisa; dai Mazarura kunzwisisa kwavo. Zvadaro, zvichava sezuva idzva kwavari: zuva richapenya, uye chiedza chakadzimaizwa chefundo dzebhaibheri dzakaitwa nevanhu chichaenda, uye Chiedza chaMwari chichavhenekera panzira yavo, uye chotsemura chidzitiro chakafukidza Chiedza ichi chakanaka. Uye vanozogona kufamba pamugwagwa wehutsvene, ipapo, vachiraramira vamwe, sezvakaite Kristu.

¹⁸⁶ Zvino patiri kuunza mutsara wekunamatirwa muno, ndinonamata kuti Muzodze varanda veNyu mangwanani ano, tose, patiri kunyengetererana, mumwe nemumwe. Uye itai kuti, nhasi, kuti munhu wese anorwara anopfuura nomumutsara wemunamato uyu agopodzwa. Dai vakadzoka, sekasikana kaduku kaiva nemaziso akapesana, nekakomana kaduku, uye ne...nemudzimai uya wechikuru, ne—neHama Wright, nevazhinji veavo vakapfuura nepano, Ishe, vaine matambudziko nezvirwere nezvimwe zvinhu izvo zvakatadza kurapwa navanachiremba; zvino hevanoi vari pano nhasi (kunge vhiki rimwe chete rapfuura), zvino hevanoi vari pano, vari kunzwa zvakanaka, nhasi.

¹⁸⁷ Mwari, dai varume nevakadzi vapfuura nepano vaine kutenda kumwe chete, vachiziva kuti vari kuenda kuKarivhari kunorovererwa kumifungo nepfungwa dzavo dzokuti “havachazopori zvachose.” Dai simba rakamutsa Jesu kubva muguva ravapa hupenyu, hupenyu hukuru hwekutenda.

¹⁸⁸ Uye zvino, mushure mekungopera kweizvi, dai vakawanda vakauya kudziva kuzobhabhatidzwa. Tinokumbira, nemuZita raJesu. Amen.

¹⁸⁹ Zvino, tinongori nemaminitsi makumi maviri ekuva nemutsara wemunamato pamwe neshumiro yerubhabhatidzo. Zvino hatina makadhi omunamato. Takarega kuita zvakadaro, uye tichaedza kuzvishandisa mumisangano yangu mikuru papi zvapo patinongotanga. Ndakakuudzai zvose, takazviisa pachena, tinazvo patepi, uye nekwese kwandinoenda, matepi achafanotumirwa mberi.

¹⁹⁰ Chiratidzo chinongonongedzera bedzi kune ropafadzo. Pfungwa yacho yaiva yokuti, “Kana uchizonamatira vanorwara, ita kuti vanhu vakutende.”

Ini ndikati, “Havazonditenda.”

Akati, “Uchapiwa zviratidzo izvi, uye nokuda kweizvi vachatenda.” Zviratidzo izvi zvadzokorora uye zvikadzokorora zvichifamba, kwemakore gumi zvichipoteredza pasi pose, pasina pamwe chete pazvakakundika. Hapana kukundika, zvachose, mazviri. Vangani vanozviziva kuti ichokwadi?

¹⁹¹ Zvakanaka, kana mukagona kutenda chiratidzo, zvadaro chitendai Mharidzo. Ndizvozvo. Inozviratidza. Ko Mwari vangaisa Mharidzo mandiri (Zvino voita kuti inge yakakwana saizvozvo, asi chii...) zvino ndozokuudzai chimwe chinhu chenhema? Mwari havandirege ndichiita zvakaro. Kwete, kwete. Kwete, changamire. Ndiri kukuudzai Chokwadi.

¹⁹² Zvino, imi mose munoda kunamatirwa, tingati, vari mumutsara uyu pano, uyai kuno kudivi iri, kana mungazviita, necheuko, mirai mumutsara muri kurudyi. Uye zvadaro zvichaita kuti vanhu vapfuure nekuno patinenge tichinamata. Zvadaro tichawana va—vakomana, maasha nevamwe vachange

vachitarisa; zvino pavanenge vachiuya nepano, zvararo nekudivi iri, tichavaunza vopoterera nekumashure, uye tovaunza neimomo. Munhu wose achanamatirwa.

¹⁹³ [Mumwe munhu anotaura neHama Branham—Mupepeti.] O, kwete, kwete, handina. Zvakana, chero nguva yaunoda. Hazvina basa. Unogona kumuunza kunze, kana iwe...ndinogona...muunze kunze uko zvino, kana shure kwechingvana, chero nguva ipi zvayo yaunoda, hazvina basa.

¹⁹⁴ Zvino, ngatingonyararai sezvatingagona, kwemaminitsi mashoma anotevera. Ndinoda kuti mose munge muri kufunga zvino: Zvino, ko iro—ko iro Bhaibheri rakati kudii? “Munamato wokutenda uchaponesa vanorwara.” Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Vangani vanoziva kuti Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaita?” Zvino ndeapi aiva mabasa acho? Akati, “Ndinogona kana muchitenda kuti Ndinogona kuzviita.” Ndizvozvo here?

Ndeupi wakanga uri mubvunzo wangu? “Havasi kuzonditenda.”

Akati, “Zviratidzo izvi zvichavaita kuti vatende.”

¹⁹⁵ Zvino, kana uchitenda, chigadzirira: Ino ndiyo nguva yako yerudzikinuro. Zvinongori zvimwe chete sezvazvingava kubva pachivi, ivimbiso imwe chete yaMwari mumwe chete.

¹⁹⁶ Zvino, tine mudzimai muduku pano, anorwara, ane dambudziko remudumbu, anobva zasi kuNew Albany. Tiri kuzomunamatira, kutanga, kuitira kuti agozviwanira—agozviwanira pokugara. Zvino, chinyararire, uye munhu wose, zvino. Ndinoda kuti hama dzindibatsire, pano. Uye ngatikotamisei misoro yedu kwechingvana, zvino, kuti tinamate.

¹⁹⁷ Zvino, Baba voKudenga, iri ranga riri Shoko reNyu. Handichina mungava pane maitiro achaitwa pamusoro paro, asi ndine mungava wekuriparidza. Uye ndichiziva izvi (uye ndichiziva kuti ndave murume wezera repakati zvino, uye rimwe zuva ndinofanira kuzotarisa neMi): Ndaparidza Chokwadi kubva pamwoyo wangu. Munozviva. Kwete kuti ndive nemaonero akatsveyama, kana zvanga zvakadaro, Ishe, ipapo ndinoda kutendeuka.

¹⁹⁸ Zvino Baba, ndinonamata kuti Mubatsire, zvino, patiri kuenda kunonamatira vanorwara, dai minamato yangu yapindurwa, kwete minamato yangu chete, Ishe, asi munamato wecheki ino, apo vanhu ava vanonzwisa urombo...Ko dai uyu anga ari mudzimai wangu akamira pano? Ko dai uyu anga ari iye, agere muhwiricheya? Kana hanzvadzi yangu? Amai vangu? O, Mwari, podzai vanhu ava. HaMungazviite here, Ishe?

199 Tarisai, vamire mumutsara wokunamatirwa: dambudziko remoyo, kenza, bundu, mhando dzose dzezvirwere nekutambudzika. Vakawanda vavo vari kuuya (vane mazana vari kudzikinurwa, kubva ipo pano, Ishe), uye vanozviona, uye vanozvitenda, uye vari kuuya mumutsara wekunamatirwa kuti vagamuchire zvavo. Vari kuuya kune Dombo benyu zvino, kwete muranda weNyu, asi kune Mwanakomana weNyu, Jesu, Anova Mutungamiriri weChechi, Munhu wemweya, ari chakavanzika pakati pedu. Uye patiri kuenda, tichipirisa Zita raKe (Makati, “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni.”), ndinonamata kuti Muchapindura minamato yedu, nemuZita raJesu. Amenii.

200 Zvino, munhu wose ngaave mumunamato. Zvino, ichi chikamu chenyuwo, zvakare. Uyu munyengetero wenyu.

Zvino mudzimai muduku uyu anofanira kufa, kana chimwe Chinhu chikarega kumubatsira.

201 Vangani vanoziva Hama Stadskev? Hama neHanzvadzi Stadskev? Ndakafonerwa katatu kubva kuGermany pane umwe usiku; mwana wavo mucheche akanga akafa. Vakabvunza, “Hama Branham, takakuonai, neMweya waMwari, muchimutsa vakafa,” (Vakamira ipapo vakazviona. Maona?) “uye tinoziva kuti muri muporofita waShe. Ingotaurai Shoko.”

Ini ndikati, “Handikwanisi kuritaura, kunze kwekunge raiswa mumuromo mangu.”

“Uyai kuGermany.” Ndakasimuka nokukurumidza. Uye ivo vakandifonera kuno: “Tine ndege yerudzi rwe jet inogona kukuunzai kuGermany mumaawa matanhatu.” Ndege yemauto yaizondibhururutsa kuenda kuGermany kuti ndinomutsa mwana akafa. Ndege yemauto yaizondiendesa ikoko mumaawa matanhatu, kubva muLouisville kusvika kuMünchen, Germany.

202 Ndakaenda imomo, uye ndokupfugama nemabvi angu, uye ndikati, “Baba, chii chandinofanira kutaura? Taurai mumuromo wangu.” Haana kundipindura. Ndakabuda ndokuenda kusango, ndikati, “Baba, chii chandinofanira kutaura? Isai mashoko mumuromo wangu. Ndingaendera pasina, zvikasadaro.” Ndakadzokera, haAna kundipindura. Ndakapinda. Usiku hwese ndakanamata, “Ishe, isai mashoko mumuromo wangu.” Hapana chakapindura.

203 Mangwanani akatevera mudzimai wangu akamuka. Achingoenda, Shoko (Ndakasimuka), Akati, “Usazvitsiure. Urwu ruoko rwaShe.” Uh-huh.

Ipapo nokukurumidza ndakaenda kufoni: “Handikwanisi kuuya. Kwete, urwu ruoko rwaShe. Ndarambidzwa.” Munooni kuti pane simba rakadini pakutsiura uku? Apo Mwari pavakati, “Rega kudaro, nokuti ruoko rwaShe.”

204 Zvino, Mosesi, imwe nguva, akaudzwa kuti asaite chimwe chinhu, akaenda akanozviita zvakadaro. Munorangarira? Saka ini—ini handina kuenda.

205 Uye ndinogona kukuunzirai magwaro ekuratidza vanhu vana vakasiyana, avo, vakanzi navanachiremba vafa, mushure memunamato nekutsiura rufu. Maona? Tinomira imomo tichitsiura chinhu ichocho. Uye kana Mwari vakakupa simba rokuita chimwe chinhu, unofanira kungwarira zvauri kuita. Maona? Unofanira kungwa- . . . Akati, “Rega . . .”

206 Zvino, rangarirai, izvozvo zvinogona kusareva zvinhu zvikuru kwauri, asi kwandiri, zvakareva chimwe chinhu. Maona?

“Usatsiura izvi.” Inzwi rinonyatsotapira, rine mutsa (dzingaita six-thirty, ndinotenda kuti ndizvo, six-thirty mangwanani iwayo) rakati, “Usazvitsiure. Urwu ruoko rwaShe.”

Ndikati, “Ndinokutendai, Baba. Ndinokutendai, Ishe. Handisi kuzozviita.”

207 Dai Akanga ati, “Tsiura ichi. Uyu muvengi averevedza achipinda.”

Ndaizoti, “Handei.” Uye zvingadai zvakaitwa.

208 Paya apo mukomana muduku ikoko kuFinland paakanga akarara ipapo, akafa, akuyiwa, pasina kana pfupa rimwe mumuviri wake rakanga richakaita zvakana, Ishe vakati rwakanga rwuri ruoko rwaSatani, vakati, “Rwutsiure.”

209 Zvino ndakati, “Rufu, haukwani kumubata. Mudzose, murege.” Ipapo, akasvetuka achimira netsoka dzake, anaya, pasina kana bvupa rakatyoka mumuviri wake. Ndiro Shoko raShe. Handigoni kushandisa Shoko raShe kusvikira Shoko raShe rauya kwandiri.

210 Asi muRugwaro, Shoko raShe rakandituma kunamatira vanhu ava vanorwara; rakakutuma kuti uvanamatire. Zvino, “munamato wekutenda uchaponesa vanorwara;” ngatinamatei, imi kotamisai misoro yenyu; tichaona zvaAnotaura, pamunenge muchipfuura.

211 Uri Mukristu, uri here? Unotenda here nomwoyo wako wose kuti Jesu achakuita kuti uite zvakana? Une dambudziko duku remudumbu; watambura naro kwemakore, hanzvadzi. Zvino, uri kuzopora, kana ukatenda.

212 Zvino, Ishe Mwari, mudzimai wechiduku uyu anofanira kufa kunze kwekunge Mamubatsira. Zvino ndinonamata, pandakamutarisa, handioni chikonzero chekuti afe.

Uye ndinonzwa mumweya wangu, Ishe, kuti kuda kweNyu kwatendera, zvino, kuti nditsiure ichi: Satani, musunungure!

MuZita raJesu Kristu, dai akapora, ouya kuchechei ino, uye opa chapupu kuti Mwari vakudzwe. Amen.

²¹³ Zvino, sehunyoro hwazvinongova, mudzimai, uri kuzopora. Unozvitenda here izvozvo hama?

[Hama Branham vanofamba vachibva pamaikirofononi—Mupepeti.] Unotenda here zasi kuno, kuti uchaita zvakanaka?

Enda zvino, wotanga kudya chero icho iwe . . . uchange zvino, waita zvakanaka.

Zvino, unotarisisira kuomesa nyika mutezo, nokuiremadza; yakakuomesa mutezo, nokukuremadza. Zvino, Mwari woKudenga anobvisa kuoma mutezo kwaKe kubva panyika kuti ape kuregererwa kwezvivi, neZita rimwe chete iroro, anogona kukupa kuregererwa kwezvivi, obvisa kuoma mutezo pauri, okuita kuti uite zvakanaka.

Unotenda kuti Anogona kuita kuti mwoyo iwoyo urove zvakanaka? Chiita izvozvo, uchaita zvakanaka . . .? . . .

²¹⁴ Ishe Jesu, mudzimai uyu anonzwise urombo anofanira kurara muchigaro ichi hupenyu hwake hwese hwasara shure kwezvo, ozotorwa. Asi tiri kukumbira kuti simba irori raSatani ribviswe paari. Dai akararama uye agofamba nokuva munhu akakwana sezvaimbova. Tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

²¹⁵ Munotenda here? Ibasa rakapera, zvakaitwa. Chii chiri kunetsa? Pasina kutya, pasina . . . Hazvina . . .? Wakambopodzwa kenza pane imwe nguva . . .? . . . Regedza, ipa zvose kuna Jesu.

²¹⁶ Ishe Jesu, ndinoisa ruoko rwangu pamusoro pomudzimai uyu ndichitsiura hurwere hwake. Ndinoziva kuti Mukristu, akaberekwa neMweya. Ndinohubvisa paari, nemuzita raJesu Kristu zita rake rinoshamiza. Amen.

²¹⁷ Ishe Mwari, kuitira hanzvadzi yake inokosha, ndinokumbira ruponeso rwake nemuZita raJesu. Mira pana izvozvo. Amen. Zvichaitwa.

²¹⁸ Wagadzirira here kugamuchira kupodzwa kwako, mwanakomana? Zvakanaka, zvaenda kuruoko rwaKe.

²¹⁹ Ishe Jesu, pamujaya uyu, uyo ati, kubva kwaMuri, anonamatira kugamuchira kupodzwa kwake. Semuranda weNyu, ndinoisa maoko angu pamusoro pake nemuZita raJesu Kristu . . .? . . . Amen.

Zvino, chero ani . . .? . . .zvino, chingodana paZita raKe. Zvino, kwete—kwete kwandiri . . .? . . .

²²⁰ Mwari Baba, semwanakomana bedzi akambozembera pachipfuva chaamai, vaimubhabhadzira no—nokunamata naye nokubata ruwoko rwake rwuduku paainge ari mwana mucheche. Zvino, Satani akaisa amai munzvimbo inochengeterwa mapenzi. Mwari, mukomana auya kuChechi tsvene yaMwari

mupenyu, Chechi yakaberekwa neMweya waMwari, Chechi iyo inogara Mweya Mwari mairi, uye Achizvizivisa. Uye nhasi, nomunyengerero, tinodzikinura mudzimai uyu kubva munzvimbo iyi. NemuZita raJesu Kristu, tanamata. Amenii.

Enda kumba, waita zvakanaka.

Waita hako nokuuya, uchikumbirira mai vako; ndiye mwanakomana chaiye.

²²¹ Rino ndiro zuva rerudzikinuro rwako. Ishe Jesu, kumudzimai uyu wechidiki, kuitira ruponeso rwemurume wake nekudzikinurwa kwepahuro pake, dai azvigamuchira muZita raJesu Kristu, Uyo anotaura kuti “uya, tenda iye zvino,” uye chinhu chakatopedza kugadzirwa kare.

²²² Ishe, vanachiremba vakataura, Ishe, kuti zvirimo mumuviri wake, zvichiuya kuziso rake. Auya kuzodzikinurwa, pamusoro pearitari ino, apo Chechi ino tsvene iri kunamata, ndinokumbira kudzikinurwa kwake muZita raJesu Kristu, denda iri richabva mumuviri wake. Ibasa rakatopedzwa kare.

Kuitira mwanakomana wake, ndinoropafadza hengechepfu iyi. Dai kunzwa pamwe nemamiriro akafanira adzoka kunzeve yake...?...

²²³ Zvino Chechi inotaura; zvino Chechi Mutumbi wakavanzika waKristu. Tose tiri kukunamatirai. Maona? Haticha—hatichapupuri kuti tiri munyika zvachose. Hatisi kutaura nezvekusaziva kwatiri kuenda. Takawana Nzira. Takaberekerwa muNzira iyoyo. Ndisu Chechi yaMwari Mupenyu (chikamu chayo); nokuti, yakapararira pasi rose. Asi rino iboka ravo. Nhasi, pamwe chete tauya muZita raKe. Tauya kuzoitira zvaAkati, tiite. ZvaAsingazaruri kana tauya pamwe chete. Kunamatira vanorwara, kuisa maoko pamusoro pavo, “munamato wokutenda uchaponesa varwere.”

²²⁴ Dai dambudziko rako remoyo rakusiya. MuZita raJesu Kristu, ndinoteerera kune kutumwa kwandakapiwa naMwari...?...



ZUVA RIYA PAKARIVHARI SHO60-0925
(That Day On Calvary)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 25 Gunyana, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org